

Evènman Ki Vin Klè Ak Pwofesi

65-0801E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Annou bese tèt nou kounye a pou lapriyè. Seyè Bondye nou an, gran Kreyatè Syèl ak tè a, Ki te fè Jezi soti vivan nan lanmò, epi vivan avèk nou depi de mil lane sa yo, toujou ap viv pou konfime Pawòl Li epi fè L verite pou chak jenerasyon. Nou tèlman rekonesan pou Prezans Diven Li kounye a menm, konsyan de bagay sa, ke nou gen gwo asirans sa, apre lavi sa fini, nou gen Lavi Etènèl nan mond ki gen pou vini an. Mèsi, pou sa, Seyè. Epi lespwa sa a, se yon ank pou nanm lan, ki pa ebranle epi ki bay asirans lè gen tanpèt. E lè tanpèt yo vini, gwo vag yo ap woule, nou santi ke ak lafwa nan Li nou ka fè fas ak chak vag.

2 Bondye, ede nou aswè a pandan nou vin fè sèvis pou malad ak moun ki nan bezwen yo. Nou priye, Bondye, ke pa al gen yon sèl moun malad pami nou lè nou va kite aswè a. Ke chak moun ka geri ak Pwisans Divin Ou, alafwa isi a e atravè nasyon an, pa mwayen koneksyon an, ke pa gen yon sèl moun fèb ki va soti nan okenn bilding oswa okenn rasanbleman aswè a. Ke Lespri W geri yo. Pèmèt ke gwo Solèy jistis la, ak gerizon nan zèl Li yo, ka leve, pou voye reyon lafwa nan chak kè pandan y ap tandè Pawòl la, ap wè manifestasyon Sentespri a ki ap konvenk yo ke Li toujou vivan. Nou priye pou benediksyon sa yo, Papa, nan Non Jezi. Amèn.

Nou mèt chita.

3 Nou sètènman konsidere ke s on gwo privilèj pou nou isi a aswè a, ankò, pou-pou pale ak moun yo epi priye pou malad yo. Nou vle salye tout moun ki deyò a nan peyi a pa koneksyon telefòn yo-yo atravè nasyon an, ankò aswè a. E kidonk nou priye ke Bondye va beni nou chak, ak konfyans ke tout sa ki te aksepté Kris maten an va ranpli ak Sentespri epi viv toujou fidèl e onèt anvè Li jouk lavi fini isit sou tè a, lavi mòtèl sa. Epi apre sa yo menm, poutèt yo fè sa, yo gen Lavi Etènèl. Yo pap janm mouri nan aj ki gen pou vini an, pou gran Aj ke nou tout ap ret tann lan.

4 Kounye a nou pral di, pandan m ap panse a sa, pa pou entèwonp. Frè Vayle la, e m ka paka wè l ankò. Mwen pral ... Èske m ka voye maniskri sa a pou ou lè m tounen Tucson? M ap revize l, m poko fin li l nèt, e m ap voye l tounen ba ou osito ke m rive Tucson.

5 Kounye a, mwen vle fè yon anons. Sa a se espesyalman pou legliz toupatou yo, espesyalman nan Lwès la, oswa nenpòt kote ki vle vini. Frè nòb pa nou an, Frè Pearry Green, ak ... Se nonm sa ki kòmanse zafè koneksyon telefòn sa a isi a la. Seyè a te mete sou kè l pou vin vizite nou nan Tucson, epi kòmanse yon revèy nan Tucson, ke nou reyèlman bezwen. Frè Pearry ap nan Tucson. Si nou vle kontakte l, jis vin nan biwo nou an la. Se va le 10, 11, 12 ak 13 nan mwa Out la. Li te genyen sa sou kè l pandan lontan, e m te di l gen "yon sèl fason pou retire l sou kè w, se al fè l." E li se yon frè Kretyen, yon reyèl sèvitè Bondye. Epi nou menm moun yo, nan Tucson, mwen konnen nou pral beni pandan l ap preche la kèk kote, petèt nan Ramada Inn la oswa nenpòt kote Seyè a bay yon plas, li poko genyen l pou kounye a. Men m konnen nou pral beni lè nou vini, pou tandè Frè Green pandan l ap ekspoze Pawòl Bondye a pou nou, petèt priye pou malad yo, oswa kelkeswa sa k gen pou fèt nan devwa onksyon Bondye a.

6 Nou vle tou remèsye Frè Orman Neville, Frè Mann, pou tan mèveye fratènite sa avèk yo. Se pa tikras rekonesans m genyen, poutèt mwen asosye ak dèzòm tankou fè Neville, Frè Mann, ak tout lòt minis sa yo bò isit la. M sipoze yo te prezante yo. Si nou pat fè sa, pa konsèy ansyen nou yo e pa legliz nou isit la, m sèten ke Bondye idantifye nou isi a kòm sèvitè Li. Ke Seyè a toujou beni nou.

7 Bon, yo te mande m on ti kichòy la, nan yon ti nòt yo te ban mwen, pou...Yo te g on reyinyon administratè lòt swa a la, konsèy administratè ak dyak yo, e m kwè ke pwosè vèbal la te li maten an devan legliz. Ki vle di, se yon koutim pou nou pou fè sa. Nan desizyon ki te pran pa konsèy administratè ak dyak yo isit la nan legliz la, natirèlman, sa paka fè tout moun plezi. Nou paka fè sa. M pa gen anyen pou m wè ak konsèy administrasyon oswa konsèy dyak yo. M pa menm gen dwa vote sof si gen egalite, e m dwe isit la pou m fè sa lè sa, se Frè Orman Neville ki pran dezyèm vòt sa. Apre sa nou oblije siyen bagay sa yo, paske nou fè pati de legliz la. Men sa ke konsèy administrasyon an ak desizyon konsèy sa yo pran, se sèten nou kanpe dèyè yo a san pou san, paske se pou sa yo la. E desizyon pa yo se ant yo menm ak Bondye. M paka, m paka e m patap ka, kèlkeswa fason an, kontre desizyon sa. Epi yon lòt bagay, Gouvènman dè z Etazini entèdi m pran okenn desizyon konsènan sa, kifè tanpri souple piga nou mande m pou m korije desizyon pa yo. M paka fè sa, e m pap tandè anyen sou sa. Ou wè? Kifè piga nou mande m pou korije desizyon pa yo. Nou wè konsèy la, se sila ki pran desizyon yo. Dakò.

8 Kounye a nan posibilite pou yon reyinyon k ap vini, se posib, si Seyè a vle, m ap retounen isi a nan apeprè kat ak sis semèn, oswa yon bagay konsa, pou petèt yon lòt sèvis Dimanch. E m te anonse maten an ke m te vle pale sou *Bondye Manifeste Nan Pawòl Li*, e m jis pap gen tan aswè a, epi, franchman, m apèn gen ase vwa pou fè sa. Epiou foul la, gen prèske

menm kantite deyò a ak anndan an, e petèt plis, si w ap konte otobis ak kamyon sa yo ak lòt bagay kote moun yo chita deyò a. Yo louvri l, ti aparèy la te on tijan ap jwe, nou ka tandè l. Ti ond piti sa, on ti ond kout ki vin de tabènak la, ou ka kapte l yon blòk pi lwen. E kèk nan machin yo ka menm kapte l plizyè blòk pi lwen, pa mwayen radyo machin yo, monte desann, ak toutotou atravè lari yo, toutotou tabènak la aswè a. M pa kwè a oken moman, vizibleman, nou te janm gen plis moun kwense anndan e toutotou legliz la konsa ke nou genyen aswè a. Kifè nou se... Epi anpil, anpil anpil yo jis nan machin yo jis ap kondwi ale vini.

9 Kifè sa montre, "Kote Kò a ye, èg yo va rasanble." E pèmèt mwen di w aswè a, nan ti gwoup moun sa yo, se yon rasanbleman entènasyonal. Pratikman plis ke detyè tout eta yo reprezante la, anplis de senk nasyon etranje, menm Larisi, e toupatou diferant pati peyi a. Desann anba nan Venezuela, soti antre Jamaïque, toupatou diferant pati nasyon an, moun yo la, grangou epi swaf pou Bondye. Ala yon tan mèveye!

10 Bon m ta renmen, anvan n li Bib la, èske nou va priye pou mwen kounye a. M--m pral eseye pote yon ti Mesaj, si Seyè a vle, sou jan pou w met men w sou gerizon Divin. Paske, maten an nou te pale sou jan pou w sove. E aswè a nou pral pale kèk minit sou gerizon Divin, e apre sa rele liy priyè a pou priye pou moun yo. Pandan n ap fè sa, deyò a pa mwayen koneksyon an, kèlkeswa kote w ye, menm deyò nan otobis ak machin nan viwonn lan, anndan yon blòk ou de bò tabènak la; kan moman an va rive pou priye pou malad, si w paka antre nan bilding lan...Ki vle di, ou pa kapab, kounye a, mwen sèten, paske pòt pou soti yo toupatou kwense sere, pou pase, e pa gen okenn plas okenn kote, kifè priye epi poze men nou youn sou lòt deyò a la. E kite chak minis ki konekte aswè a, priye tou pou kongregasyon pa l pandan sèvis gerizon an ap dewoule. Nou kwè ke Bondye omniprezan, tout kote. Bon anvan nou li oswa...

11 Anvan nou--nou priye, nou vle li yon pòsyon nan Pawòl Bondye a. E m te chanje Ekriti--- Ekriti m yo sa fè yon ti moman, paske m te vle chanje jan de reyinyon ke m te gen nan panse m pou aswè a, kifè m te chanje l yon tikras; konsa m te oblije chanje Ekriti m yo, pa chanje yo, men plase yo nan yon lòt òd, pou gerizon Divin, pou--pou moun yo ka konprann.

Ann ale nan Sen Lik, chapit 23. E n ap kòmanse nan vèsè 12 chapit 24 la, pou ap li desan jouk apeprè vèsè 34. Se sou rezirèksyon Seyè Jezi.

Alò Pyè, Pyè leve, li kouri al nan kavo a. Epi li bese, epi li wè dra an len an.... li te sezi anpil nan li menm pou sa k te rive a.

Epi, gade, menm jou sa a, te gen de disip ki ta pral nan yon bouk yo rele Emayis. Bouk la te a yon distans de swasant estad konsa ak lavil Jerizalèm.

Bon, sa pran 10 estad pou fè-pou fè yon mil de distans, kidonk li te apeprè a sis mil de distans.

Epi antan yo t'ap koze sou... bagay sa yo ki te pase.

... li vin rive, ke, pandan yo t ap pale, yo t ap diskite yonn ak lòt. Lè sa a, Jezi Li menm pwoche bò kote yo, epi li tanmen fè wout ak yo.

Men te gen kichòy ki te anpeche je yo rekonèt li.

Epi L di yo: Sou kisa n ap pale konsa youn ak lòt, antan n ap mache a, epi nou tris?

Epi yonn ladan yo ki te rele Kleopas reponn li: Gen lè ou se sèl etranje nan lavil Jerizalèm ki pa konn bagay sa yo ki te rive... nan jou sa yo ki sot pase?

Epi Li di yo: Ki bagay?

Koulye a sonje, sa se Jezi Li Menm, resisite, k ap pale.

Epi yo reponn li: Tou sa k te rive Jezi, moun Nazarèt la, Ki te yon pwofèt pwisan nan aksyon e nan pawòl devan Bondye ak devan tout pèp la:

...jan chèf prèt yo ak otorite nou yo fè yo te livre I bay sila...pou-pou kondannen I amò, epi yo kloure I sou yon kwa.

Men nou te gen espwa ke se li menm ki t ap vin delivre pep Izrayèl la: epi malgre tou sa, jodi a fè twa jou depi bagay sa yo pase.

Wi, epi gen kèk fanm nan gwoup nou an ki fè nou byen sezi, yo te al nan kavo a granmaten jòdi a;

Epi lè yo pa jwenn kò li, yo tounen vin rakonte, ke yo te wè tou yon vizyon zanj, ki te di... li vivan.

Epi gen kèk nan sila yo ki te avè nou k al nan kavo a, epi yo jwenn li menm jan medam yo te di I la; men li menm, yo pa wè li.

Tande Jezi; kounye a.

Lè sa a Jezi di yo: Ala moun san konpran,... kè nou lou pou kwè tou sa pwofèt yo te pale:

Eske se pa pou Kris te souffri bagay sa yo, epi antre nan lagwa li?

Epi li kòmanse ak Moyiz epi tout pwofèt yo, li pran esplike yo tout, nan tout Ekriti yo bagay ki te konsène li;

Epi lè yo rive toupre ti bouk la, kote yo t ap prale a: epi li fè tankou li ta dwe al pi lwen.

Men yo kenbe li, yo di li: Rete avèk nou: paske solèy fin kouche, epi pral fènwa. Epi Li antre pou l rete ak yo.

Epi sa vin rive, antan l chita ak yo pou manje, Li pran pen, epi Li beni li, epi li kase l, epi li ba yo li.

Epi je yo louvri, epi yo rekonèt li; epi li disparèt devan yo.

Epi yonn pran di lòt: Eske nou pa t santi tankou yon dife k ap boule nan kè nou, lè L t ap pale avèk nou sou tout wout la, epi antan L t ap louvri ekriti yo pou nou?

Epi yo leve menm lè a, epi yo retounen nan Jerizalèm, epi yo jwenn onz yo ki reyini ansanm, epi lè yo te avè yo,

Yo t ap di: Se vre Seyè a leve vivan, epi Li parèt sou Simon.

Epi yo pran rakonte bagay ki te rive yo sou wout la, epi ki jan yo te rekonèt Li lè L te rache pen an.

12 Annou priye kounye a. Chè Papa ki fè gras, nou remèsye W pou Pawòl Ou, paske Pawòl Ou se Laverite, Pawòl Ou se Lavi. E Ou menm, O Seyè, ak Pawòl Ou se Youn. Kidonk nou priye aswè a, Seyè, ke W va vini pami nou nan pwisans rezirèksyon W ki va demontre aswè a pou nou, tankou sila yo ki te sot Emayis, ke nou menm tou ka retounen lakay nou, ap di, “Èske kè nou patap brile anndan nou?” Akòde l, Seyè, sa pral nan direksyon tan di swa ankò. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

13 Kounye a, mwen vle pale konsènan Bib sa. E sijè mwen aswè a, pou tit la, se: Evènman Ki Vin Klè Ak Pwofesi. Evènman Ki Vin Klè Ak Pwofesi.

14 Bon, Bib la se yon liv diferan de tout lòt liv sakre yo. Bib la s on Liv diferan. Li s on Liv pwofesi, ki predi evènman ki pral vini. Epitou Li se Revelasyon Jezikri. Soti depi nan Jenèz

rive nan Apokalips, sa mennen L soti nan plenitid Li, sa L te ye e sa L ye. E Liv la konplè an antye, Apokalips 1: 1 a 3, te di Liv la se Liv "Revelasyon Jezikri," ki se Pawòl Bondye a. "Revelasyon Jezikri," Pawòl Bondye a!

15 Bon, tout lòt liv, liv sakre yo, se sèlman yon kòd d etik, yon kòd moral, oswa yon kòd teyoloji. Yon bagay ki ... Konbyen moun ki te janm li Koran an, Bib Mahometan yo, ak - ak liv sou Boudis yo, e Iatriye? Se jis yon kòd d etik, kisa moun yo dwe viv, kijan yo dwe viv, men li pa pwofetize, li pa di anyen sou bagay sa yo oswa yon don espesyal yo te bay yon moun, anyen ki pral rive. Jis tankou rantre nan yon lòj oswa yon bagay konsa. Se poutèt sa, lè legliz yo rive nan pwen kote yo fè legliz yo jis yon lòj pou rantre ladann, alò yo kanpe dwat andeyò Pawòl Bondye a.

16 Paske Bib la se yon temwen vivan, ki pale davans de Jezikri. Epi menm jan tè a grandi nan plenitid li, epi pye rezen yo grandi nan plenitid yo, tan an grandi nan plenitid li, Bib la te manifeste plenitid Li nan Jezikri an Pèsòn. Li te Pawòl Bondye a revele, Liv konplè Redanmsyon an an antye. Bib la se Pawòl Bondye a, ki prezante davans evènman kap vini yo. Kwayan L yo te resevwa lòd pa Otè L la pou li ak kwè chak Pawòl ladan L, pa jis yon pati Ladann . Si w pata kwè yon sèl Pawòl, ou ta mèt tou sispann ap eseye jouk ou ta rive kwè Pawòl sa. Chak Pawòl se absoliman yon pati Bondye Tou Pwisan an; Bondye ki manifeste, blese nan Pawòl Li, pou montre Kiyès Li ye. Yo kòmande nou, kòm kwayan, pou kwè chak Pawòl Ladann. Epi Li te ekri pa Otè a Bondye Li Menm. Pa gen pèsonn ki ka ajoute anyen oswa retire anyen Ladann. Si w ta fèl, li t ap yon Kò efreyan Bondye. Li t ap genyen, petèt tankou sis dwèt nan yon men, oswa-oswa twa bra, oswa yon bagay, pou ajoute yon bagay, pou retire yon bagay nan li pou vin manke yon bra, manke yon dwèt. Se Kò Jezikris la okonplè. E nan Kris, ki se Gason an, Epou a, Epouz la reprezante nan Li tou. E de sa yo se Youn. "Nan jou sa a ou va konnen ke Mwen nan Papa, Papa nan Mwen, Mwen nan ou menm e ou nan Mwen." Ala yon imaj konplè!

17 E vre kwayan nan Pawòl sa, ki aksepte L fason sa, kwè L, e ak pasyans ap tann pwomès Li yo ki te pwofetize, yo chak pou yo manifeste nan aj pa yo. Chak kwayan t ap siveye sa. Chak kwayan ki te sou tèt zòtèy li, ap gade, se a li menm sa te revele.

18 Kounye a gade nan jou vini Seyè Jezi a. Poukisa moun sa yo pa t rekonèt Jan, alòske Bib la di klè nan Ezayi, "Va gen vwa youn k ap rele nan dezè a, Prepare chemen Seyè an"? Dènyè pwofèt yo te genyen, se Malachi 3, ki te di, "Men ni, M voye mesaj M devan fas Mwen pou prepare chemen an." Poukisa yo pa t wè l? Paske yo t ap gade yon bagay ki te deja fèt, yo t ap bazepanse yo sou yon mesaj ki te pwoklame davans, e yo te echwe pou wè manifestasyon prezan Bondye nan jou yo t ap viv la.

19 Epi Kretyen gaye, toupatou, se egzakteman kote mond lan kanpe aswè a. San kontradiksyon, sa se laverite! Kretyen, tout kote, ap eseye tounen gade dèyè pou kèk kòd d etik Mesye Luther te ekri, oswa Mesye Wesley, Sankey, Finney, Knox, Calvin; ke, youn nan nou paka pale mal, men sa se te pou yon tan pase.

20 Farizyen yo te vire gade pou wè kisa Moyiz te di, e yo di : "Nou gen Moyiz. Nou pa konn ki kote W soti. "

21 Men sonje, lè Moyiz te la, yo pa t konn ki bò l te soti. Ou wè? Epi kounye a yo ... Se pa etonan Jezi te di yo, "N ap anbeli tonm pwofèt yo, e se nou menm ki mete yo ladan yo." Apre Mesaj yo fin ale! Yon mesaj te gaye, moun yo te wè L, yo te moke L (mond lan fè l). Epi apre lè mesaje a te fini epi Mesaj la te delivre, lè sa, yo bati yon denominasyon sou Mesaj la. E yo te mouri, la menm, pa t janm retounen nan Lavi ankò.

22 Gade jis yon moman, kèk nan nou moun yo, e m ap pale espesyalman a nou menm moun Katolik yo. Èske nou reyalize, èske nou te janm li vrè istwa a, istwa legliz Katolik Women an? Kijan nan liv moun yo te matirize yo, depi Sent Augustin nan Hippo, kantite milyon moun inosan ke legliz te touye! M bliye, m paka sonje nonb egzak la, men sa depase milyon, depi Sen Hippo...Sent Augustin nan Hip-... nan Hippo, an Afrik, yo te fè yon deklarasyon ke se te absoliman volonte Bondye pou touye tout moun ki t ap pwoteste kont legliz Katolik Women. Èske nou reyalize ke nan bagay sa, Sen Patrick pa t janm rekonèt jouk apre lanmò l, antan ke Katolik Women? Li te pwoteste kont pap la ak tout sa l t ap fè, e legliz Katolik menm te touye dè dizèn de milye pwòp pitit li. Èske nou te konnen ke legliz Katolik te boule Jeanne D'Arc, ti madanm sen sa, sou biche dife, poutèt se-...yo te di li te yon sòsyè. Desan lane pita, yo te detere kò prèt yo, lè yo te dekouvri ke se te yon erè, e yo te jete yo nan lanmè, san yo pa t antere yo nan tè sakre a, pou yo te fè penitans.

Piga w rate jou sa, pou vin yon ensanse.

23 Ala renmen prèt sa yo ta renmen, aswè a, avanse, sa ki te kondane Jezi yo. Sèl pwoblèm, yo pa t janm sezi prediksyon pou tan sa. Si yo...Jezi di, "Sonde Lèzekriti, paske nan Yo nou panse," ou, pito, "nou pretann ke nou gen Lavi Etènèl, e se Lèzekriti ki di nou Kilès Mwen ye," pou moman sa.

24 Remake, Bib la paka fayi. Se sèl bagay Li paka fè, Pawòl Bondye a, se fayi, paske Li predi aksyon Otè a anvan Li fè sa.

25 Bon, gen yon chans sou mil ke yon nonm ka predi ke yon bagay pral rive, epi pou sa ta rive. Men apre sa si l ajoute *ki kote* sa pral rive, sa redwi chans li a petèt youn sou di mil. Si l

di *jou* sa pral rive a, sa redwi l a, yon chans sou yon milyon. Epi a *kimoun* sa pral rive, sa voye l anba yon milya chans.

26 Men Bib sa di nou egzakteman *kimoun*, *kilè*, *ki kote*, e *kisa* pou n ap gade, san pa t janm fayi yon sèl fwa. Se poutèt sa, nan yon ti diskisyon sa pa fè lontan, avèk yon prèt legliz Sacré Coeur anwo a la; li te di, “Mesye Branham, w ap eseye agimante pou Bib la.” Li te di, “Sa se istwa legliz.”

M te reponn, “Se pa yon istwa. Se Bondye, Li menm, sou fòm ekri.”

Li te di, “Bondye nan legliz Li.”

27 M te di, “Bondye nan Pawòl la. E tout sa ki kontrè a Sa, ke l konsidere kòm yon manti. Paske Li di, ‘Ke Pawòl Mwen ka vre e pawòl tout òm yon manti.’”

Li te di, “Nou pap agimante.”

28 M te di, “M pa t janm mande w pou agimante, men Bib la di tout bon, ‘Vini, annou rezone ansanm.’”

29 Li predi zèv Otè a anvan Li fè l. Se poutèt sa, m ap di sa la, sa plase tout gason ak fanm, sou Tribinal Jijman, san okenn ekskiz. Si w pran sa Metodis di konsènan Sa, sa Batis di konsènan Sa, sa Katolik di, sa Pannkotis di, ou tout lòt legliz, ou ka jwenn kèk desepsyon lè Jijman an. Men si w jis obsève sa Bib la di ki pral rive, lè sa rive, alò w ap rekonèt sa k rive a.

30 Kounye a, sa pa montre byen ak lè pou tout moun ka wè l, paske Jezi te remèsye Bondye poutèt li te kache sa nan jye moun saj ak pridan yo, pou revele l bay ti bebe sa yo ki vle aprann. Panse a Bondye Toupwisan ki tabli nan Pwòp Pawòl Li, ak pouvwa pou avegle moun rich ak enpidik epi--epi gwo save, avegle jye yo pou yo paka wè Li, epi louvri jye moun pòv e ilietre.

31 Remake moun sa yo ki t ap sot Emayis, Li te di ke--ke konpreyansyon yo de Li te bloke. Yo t ap pale de Li e yo pa t konnen Kimoun sa te ye, tout jounen. Bondye ka fè sa, paske Li se Bondye.

32 Se egzakteman sa L te fè prèt sa yo, eskrib sa yo, paske Sa te ekri ke L te dwe fè sa. Bondye te avegle jye yo pou nou te ka gen yon chans. Remake, yo pa t ka wè, pe enpòt enstriksyon yo, ki kalite prèt yo te ye, sa yo te fè, yo te toujou pa t ka wè L, paske yo te avèg. Vizyon yo te ka ven sou ven, fizikman. Men se vizyon espiyèl yo!

33 Se menm bagay m t ap eseye di maten an konsènan fanm adiltè a, k ap abiye jan y ap fè l kounye a. Yo adiltè. Nan Liv pa Bondye yo koupab de adiltè chak fwa yo mete rad seksi. Se

nanm yo, san yo pa konn sa. M kwè fanm sa yo, anpil nan yo, dè milye nan yo, yo inosan, e patap janm vle komèt adiltè sou kèlkeswa fòm lan. Poutan pòv fanm yo, poutèt yon moun va kite yo ap fè sa, san l pa ekspoze l pou di laverite, yo komèt adiltè. Dapre, Bib la ki di, "Pwostitiye ki chita sou anpil dlo a, ke tout wa tè a ak pèp sou tè a, legliz yo ak bagay konsa, te komèt fònikasyon espirityèl avèk li. E li te MANMAN PWOSTITIYE," denominasyon.

34 N ap siveye Bib la, paske Bondye pa kite nou nan fènwa. Li te voye Bib la pou te predi pou nou evènman yo anvan yo te rive, epi nati yo menm ak lè yo gen pou rive a.

35 Bon, s on bagay tankou lè w ap gade n on kalandriye pou wè ki dat li ye. Si w panse, ann di ke se samdi sa a, dimanch, kisa l ye a? Gad nan kalandriye a. Kalandriye a ap di w ki jou l ye. Kan w wè aksyon moun yo, petèt ki pral legliz, ou wè -li ... li tandè klòch yo kap sonnen, w ap mande w ki jou li ye. Gad kalandriye a, li pral di w ki jou l ye.

36 E Lè w wè legliz la vin tankou monn lan, jan sa te ye nan jou Sodòm yo, ou wè tout legliz mond lan pral tonbe nan ... adorasyon "dye laj ki mechan sa," e w ap gade sa; apre w ap wè yon ti gwoup an minorite rasanble anba enspirasyon Bondye a, k ap pwodwi ankò lavi Jezi Kris la, pa ekriti yo ki te sipoze rive, ou konn nan ki lè w ap viv la.

37 Bib sa a predi, pa pwofesi, nan ki jou ke nap viv la, e nan ki lè nap viv la, e ki kalite evènman ki te dwe rive. Li te predi l egzakteman a la lèt, epi pa janm rate yon sèl laj, tout tan tout tan. Pa yon sèl fwa li te janm rate, e l pap manke, pou ke sa k predestine a wè l. Jezi te di, "Pesonn pa ka vinn jwenn mwenn, a mwens ke Papa m atire l, e tout sa ke Papa a ban m yo ap vini." Se Pawòl la kap jwenn ak Pawòl la. Li pa ka fè lòt bagay. Nou konnen l, jou sa n ap viv la.

38 Men, jan sa te ye nan chak aj, moun yo kite lèzòm met pwòp entèpretasyon yo nan Pawòl sa a, pou te lakòz yo vin avegle a evènman ki te rive yo. Menm bagay la te rive Farizyen ak sadiseyen yo. Menm lè Pòl te kanpe la pou ap eseye site Ekriti a, epi yon nonm te frape l nan figi l paske l te rele granprèt la yon miray blanchi. E apre sa, yo fayi pou wè Bondye ap konfime Pawòl Li ki te pwofetize a.

39 Ou wè, Bib la pa kontredi tèt li; Bib la se Bondye. Pa gen okenn kontradiksyon nan Bondye; Li pafè.

40 Men moun yo, avèk pwòp entèpretasyon yo! Bon remake, kite m montre w, zanmi yo. Legliz yo yomenm paka tonbe dakò sou entèpretasyon l. Metodis la pa dakò ak Batis la, Batis la ak Presbyteryen an, Presbyteryen an ak pannkotis yo. E avèk anviwon karant òganizasyon diferan pami pankotis yo, yo paka dakò youn ak lòt. Konsa, ou wè, sa ta dwe Babilòn ankò, nan konfizyon.

41 Men Bondye fè pwòp entèpretasyon L de Pawòl li. Li te pwomèt bagay sa a, e la Li fèl Limenm. Li bay, Limenm, entèpretasyon an, paske Li te revele Pwòp Tèt Li nan moman sa a. Jis ki kote kò Jezikri a rive, soti nan pye rive nan tèt la!

42 Remake, alò se pou rezon sa a ke moun yo pa rive sezi l, paske yo koute sa lòt moun di konsènan sa, olye pou yo li Pawòl la tankou Jezi te di yo fè a, "Epi se yo ki rann temwayaj de mwen. Sonde Lèkriti, nan yo nou panse nou gen Lavi Etènèl, e Se Yo ki rann temwayaj de mwen. "Nan lòt mo, tandè, " Kisa? Li Lèzekriti epi gade kisa Mesi a te sipoze fè. Gade ki lè Mesi a te sipoze vini. Gade kiyès ki te anonse Mesi a. Gade tan an. Dwe gen vwa yon moun k ap kriye nan dezè a, se Jan. Epi nou te fè l egzakteman sa nou te prepare. Gade sa M te sipoze fè lè m vini. Epi, kounye a, kisa nou fè? Èske m te fayi pou m fè sa? "Ou wè, se Jezi k ap pale," Èske M te fayi pou akonpli sa?"

43 Gade, pandan n ap pakouri Ekriti yo apre midi sa, jan tout sa ki te pwofetize sou Li yo te rive egzakteman jis jan sa te sipoze a. Yo te dwe konnen evènman sa. "Fanatik sa, jèn Kanmarad la te leve, anviwon trant-twa lane ak ... oswa trant lane, t al anba la, te pretann tout kalite Limyè, ak kolonb ki t ap monte. Enben, se te jis yon - yon wont." Yo te di, "Li te vin de paran ilejitim, yo te pretann Li te ne de yon jenn fi vyèj."

44 Eske yo pa t dwe konnen ke Ezayi te di, nan Ezayi 9: 6, "Yon ti moun te fèt pou nou"? Eske yo pa ta dwe konnen tou ke pwofèt Ezayi te di, "Yon jenn fi vyèj pral ansent"? Yo ta dwe konnen bagay sa yo. Men, ou wè, bagay la sè ke, yo t ap aplike l kèkpa lwen pi devan. E nonm sa, pou yo, pa t reponn ak deskripsyon an. Men L te mande yo, "Sonde Lèzekriti, paske nou kwè ke nan yo nou gen Lavi Etènèl, e yo se Bagay menm k ap rann temwaye de Mesaj Mwen an." Se pa sa kèk teyolojiyen te di; men Bondye, Pwòp Pawòl Li, Li te di ki ta pral rive! Amèn!

45 Se sa l ye kounye a! Sonde Lèzekriti, paske yo ka di nou nan ki tan n ap viv la, ka di nou egzakteman kisa k pral fèt nan jou sa. Se sou Yo nou ta dwe konte, paske se Yo k ap temwaye Kimoun Jezikri ye. Paske Bib la te di, ke, "Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan," 'paske Li se revelasyon Pawòl la nan aj la. Li paka diferan.

46 Kifè poutèt yo t ap tandè entèpretasyon lezòm, menm lè yo wè konfimasyon Pawòl Bondye a ki te akonpli, yo fayi pou wè l. Paske, l ap kontinye tout tan, men paske yo t ap koute ... E Jezi te di, "Yo se yon bann dirijan avèg." E si yon avèg ap kondwi yon avèg, kisa k ap rive yo? Bon sonje, Bib la predi ke laj eklezyastik aj Lawodise sa te avèg. Yo te mete L deyò legliz la. Pa gen yon lòt aj, yon lòt aj legliz, kote Jezi te retwouve L deyò. Men nan aj legliz Lawodise a Li te deyò, ap eseye antre ankò, "M kanpe nan pòt la, M ap frape." Li te sipoze anndan. Men, li te di, "Paske w di, mwen rich, mwen gen anpil richès, m pa bezwen anyen,' epi w pa konnen,

ou pa konnen ke w s on avèg, kap mennen avèg, pòv nan lespri, malere, mizerab, toutouni, epi w pa konn sa. "Kisa kon- ... Si yon nonm ta toutouni nan lari a, mizerab, avèg, e l te konnen li te te gen ase sans ke w te ka di l li toutouni, li t ap eseye f on bagay pou sa. Men, lè l souke tèt li, li di, "M pap resevwa l. Kimoun ou ye pou ap di m sa pou m fè? M konn ki kote m kanpe. "Ebyen, si sa pa yon sitiyasyon ki tris, m pa konnen. E se egzakteman sa Bondye Bib sa te di nan kisa legliz ta pral ye, nan aj move sa kounye a menm, nan dènye aj legliz la kote n ap viv la.

47 Remake, men pou moun sa yo, "Mwen reprimande, tout sa m renmen yo." Kouyè a, si Seyè a reprimande w, de sa ke w tap fè a, alò retire kò w ladann! Elwaye w de li. "Mwen reprimande, tout sa ke m renmen yo."

48 Bon, lè w ap gade Bondye, kounye a, sa k t ap fèt si farizyen yo ta di : "Tann yon minit. Nom sa te bannou yon kokenn defi, Li te di, Sonde Lèzekriti, paske nou kwè ke nan yo nou gen Lavi Etènèl; se Yo ki rann temwayaj de mwen. Li ta mye ke nou tounen gade nan Lèzekriti epi chèche konnen ki sa L sipoze fè, kiyès Li ye, kisa k te sipoze rive. Nou ta dwe gade dèyè epi chèche konnen"? Olye de sa, yo t al jwenn prèt yo pou te mande yo, "de ki prevyen?" Gade diferans lan? Yo te dwe ap fè lekti Pawòl la.

49 Nan Ebre 1: 1, Bib la di, "Bondye, nan diferan epòk,," sa vle di, "tan ansyen ak divès manyè te ekri Bib la ak pwofèt yo." Remake kounye a, remake, Li te ekri Bib la pa pwòp fason ke L te chwazi. Ou wè? Kounye a, Li pa t gen pou ekri l fason sa, ni pou l te gen pou sove lòm pa san an. Li pa t oblije fè lòm preche levanjil; Li te kapab kite solèy la oswa lalin lan oswa zetwal yo preche Levanjil, Li te kapab kite van fredonnen Levanjil. Men, li te chwazi lòm! Epi li te chwazi fason pou Pawòl Li a te vini, e se te pa pwofèt ki predestine e preòdone yo, antanke yon pati pawòl Bondye a, k ap deklare revelasyon pawòl Li a pou aj la ak tan an. "Paske Pawòl Bondye a te vin de pwofèt yo sèlman." Li pa t janm vin de yon teyolojyen. Montre m Ekriti a. Li vin sèlman de pwofèt yo. Bondye paka bay manti. Konsa, Bondye te ekri Bib la ak metòd ke L chwazi a, e pwòp pwofèt Li te chwazi yo; pa pwofèt ke lòm te chwazi men pwofèt ke Bondye te chwazi.

50 Apre sa kwayan yo ap siveye akonplisman sa pwofèt yo te di, e se sa ki idantifikasyon yo se pwofèt Bondye. Paske, an premye, yo enspire. Apre sa, yo rete egzakteman ak Pawòl pou tan an. Alòs se sa refererans yo ye. Gade, nou te pase sou sa dimanch dènye. Anpil fo pwofèt ap leve. Epi nou te bay ilustrasyon yo ki jan Balaram ak Moyiz, toude te wenn ak menm Lespri a, youn nan yo te di, "Nou tout se youn. Ann mete nou ansanm, mete ti jenn fi nou yo ak tout lòt yo ansanm. Nou gen bèl jenn fi isit la e ou met pran yon bel madanm. Se byen, nou tout

se yon sèl pèp, kanmèm, menm ras la. "Bondye pa t janm padone yo pou sa. Yo te koute koze sa.

51 Nou wè, mond lan ak —moun yo ap veye kèk ti fasilite, pou kèk ti devyasyon, kèk ti koridò, men pa gen okenn koridò nan Pawòl Bondye a. Genyen yon sèl Modèl. Ou dwe dekoupe tèt ou pou ka antre nan model la, se pa eseye koupe nan model la pou w antre ladann. Tout moun dwe fè sa. Se sèl fason Bondye genyen pou fè sa.

52 Remake kounye a, kwayan yo ap ret tann Pawòl la konfime. Ou wè, se pat lòm kite ekri L, men Seyè Bondye a Li menm, poutèt sa Se pa liv yon nonm.

53 Yon moun te di, "Se sèlman kèk ansyen ekriti ebre yo." Èske Ebre yo t ap ekri yon lèt ki t ap kondane yo yo menm? Èske nasyon jwif rafine sa, ak pwòp-estil byen poli pa yo t ap ekri pwòp inikite yo, pou ap kondane pwòp tèt yo? Sètènman pa. Rakonte pwòp peche yo, ki jan yo te antre nan idolatri, ki jan yo te komèt imoralite kont Pawòl Bondye a? Non, non. Yo patap janm di sa, nasyon fyè sa a.

54 Se pa liv yon nonm. Se Liv Bondye. Epi moun ki wè vizyon oswa tandè vwa Bondye, pa janm konprann li (anpil fwa) yo menm, nan anpil ka. Ou wè? Lòm pat ekri Bib la. Bondye te ekri Bib la. Se pa... Se pa liv yon nonm. Se liv Bondye. Li se panse Bondye ki eksprime pa bouch imen yo. Se sa k fè l Bib la. Yon panse ki eksprime se yon pawòl. E nan kòmansman an se te panse Bondye. Li te eksprime l pa bouch pwofèt Li yo e konfime l pa sèvitè L yo. Ou sezi l? Remake.

55 Bondye fè pwòp chwa l, pa predestinasyon, li te chwazi pwofèt yo pou chak aj. Remake sa. Li fikse nati pwofèt sa pou ale ak aj sa. Ou wè, li adapte estil li, nenpòt sa l fè a. Li adapte l si l te gen enstriksyon oswa pa t gen enstriksyon. Li adapte don yo, fason l va preche, don l va genyen. E, Mesaj pou aj sa an patikilye, Bondye predestine kèk bagay pou ki rive e pap g on lòt bagay k ap rive nan plas li. Li pa bezwen konnen kantite reyalizasyon ke lòm fè, anyen paka pran plas li. Li te predestine nonm lan, petèt yon nonm inyoran. Li ta ka predestine l pou l yon lòt jan de moun. Kèlkeswa sa l ye a, li ba l klas li, don l, li ba l nati l, estil li, ak kèlkeswa sa l ye a, jan l eksprime l, e nenpòt ki sa l fè. Li fè nonm pou tan an al chache pèp pou tan an. Dakò. Li fè sa.

56 Nan fen chak aj, lè legliz vire bò mond lan pou peche, ap apiye sou entèpretasyon lòm de Pawòl la. Tankou yo toujou fè l, tout tan, nan fen aj la, yo te tèlman tonbe nan dezòd ak teolojyen e prèt yo jiskaske se toujou yon deblozay. Entèpretasyon yo toujou fo, pa yon sèl fwa li pa t janm manke pou l te fo. E Pawòl Bondye a pa janm manke pa menm yon sèl fwa pou l pa la verite. Se sa k fè diferans lan.

57 Kounye a ou wè, Bondye te ekri Bib la, Li menm. Kounye a, Bondye ka pale. Moyiz di li te pale avè L. Jeremi te di, "Li met pawòl Li yo nan bouch mwen." Epi Bondye ka ekri. Li te ekri dis kòmandman yo ak Pwòp dwèt Li. Li ekri sou miray Babilòn yo. Epi, sonje, nan Ansyen Testaman an sèlman, de mil fwa pwofèt yo te di, "ENSI DI SEYÈ A!" Bondye ka pale, Bondye ka ekri. Sètènman. Prèske katrevendis pousan Matye, Mak, Lik, ak Jan, se Pawòl Bondye Li menm, Jezikri k ap pale. konsa, si Bondye ka ekri, si Bondye ka li, si Bondye ka pale, èske L paka lakòz lòt moun fè menm bagay la? Èske L pat di Moyiz, "Kilès ki fè moun bèbè, oswa ki ba l lapawòl?" Bondye ekri Bib la ak pwofèt yo, se fason pa Li pou fè sa.

58 Kounye a, chak fwa ke legliz la nan konfizyon (e Bondye te konn sa deja, paske L te konn tout bagay), Se pou sa, li g on pwofèt patikilye prepare pou aj sa, pou rele eli l yo avèk Pawòl konfime ak siy ak mirak yo, ak konfimasyon Pawòl Li, "L ap konfime Pawòl la avèk siy k ap swiv yo," jan L te pwomèt li a. Li bay vrè entèpretasyon an apre ke pwofèt la li menm te konfime.

59 Yo tout, eksepte eli yo ke L te vin pou yo a, rayi li. Kounye a, egzamine chak moman epi gade si se vre ou pa. Se sèlman pou sa yo ke yo te voye l la! "Li te vin pou pa L yo e yo pa t resevwa L. Men a tout moun ki te resevwa L yo, a yo menm Li te bay pouvwa pou yo vin pitit Bondye." Remake, re... chak egzamen Pawòl la, nan chak ka, nan fen chak aj oswa nan pi gwo somè oswa jonksyon, tankou m te preche sou li plizyè fwa.

60 Gade nan aj Noye a, nan pi gwo somè anvan jijman an. Kisa k te rive? Noye, se te sèlman pwòp fanmi l ki te kwè nonm sa. Lòt rès moun yo te kritike l. Epi le mond antye te detwi.

61 Nan jou Abraham yo, se sèlman gwoup Abraham nan ki te kwè. Lè anj yo te al preche Sodòm, sèlman Lòt ak madanm li ak de pitit fi l yo ki te soti, e madam Lòt te tounen yon gwo kolòn sèl.

62 Nan jou Moyiz yo, se sèlman eli pèp Izrayèl yo ki te soti. E Farawon te rayi l.

63 Nan jou Eli yo, tout bagay (prèske), sof sèt mil moun, chak ladan yo te rayi l, tout nasyon an.

64 Nan jou Jeremi yo, se kisa, yo te jete fwi ki pa mi yo sou li, pou te rele l yon fanatik, paske li te ret kouche sou yon bò pandan anpil jou, apre sa sou lòt bò a, epi —epi l te pran bagay sa yo pou fè dè senbòl. Yo te rayi l.

65 Pwofèt Ezayi, li te tèlman kondane ras sa jouk yo te siye l an de ak yon si. Se vre.

66 Jan Batis. "Li te yon nonm sovaj anba la, kèk manyac k ap rele anmwe." Yo Tout—eksepte disip sa yo ke l te prezante bay Jezikri kòm legliz! Men li. Jan te prepare yon pèp. Konbyen li te genyen? Ou te ka konte yo sou dwèt... de men w yo, dwèt ou yo, konbyen ke Jan te prezante bay Jezi lè L vini. Kounye a, sa k pase a dezyèm vini l lan? Reflechi sou sa.

67 Men lè vrè kwayan Bib yo wè jan Pawòl la konfime aklè pou aj la, yo te kwè. Pa gen okenn fason pou yo kenbe yo lwen de Li, pou kwè Li. Yo menm sele temwayaj yo ak san yo. Yo kwè L. Alò se pou yo, predestine yo, ki pou aj patikilye sa ki wè epi kwè.

68 Gen lòt ki jis paka wè Li; yo avèg. Kounye a, ou va di, "Yo pa ka wè L." Bon, tankou Balaram, poukisa Balaram pa t ka wè sa? Li te yon pwofèt, li te wenn. Poukisa farawon pa t ka wè l? Lè l te wè men Bondye desann epi fè mirak sa yo la, li sèlman fèmen kè l di. Èske se sa? Poukisa Datan pa t kapab wè l, limenm ki yon jwif? Jis la menm, yo te travèse Lanmè wouj, epi manje lamàn lan chak swa, ki te tonbe tou fre, e la ankò yo pa t ka wè L. Poukisa Koré pa t ka wè l? Poukisa Kayif pa t wè l? Li te chèf moun relijye nan mond lan nan tan sa . Poukisa li pa t wè ke se te Mesi a? Poukisa Jida pa t wè l? Jida te avèk yo, li t ap mache avèk yo, li t ap fè mirak avèk yo. Men Pawòl la te dwe akonpli. Bib la di yo te fèt pou yo pran plas sa. Yo te fèt pou bi sa a. Se vre. Women 8 di sa.

69 Kounye a kwayan yo ka wè Pawòl la te fè l chè nan jenerasyon yo a, Bondye ap pale. Ebyen, vre kwayan yo, sèt mil sa yo (oswa li te sèt san?) nan tan Eli yo. Sèt mil se sa. Nan epòk Eli a, te gen sèt mil moun sou de oswa twa milyon, ki te wè ke se te sa. Pa menm yon santyèm nan moun yo, a pèn. Men, yo wè Li te kòrèk. Yo te wè Bondye manifeste. Granmoun vèv sa kote yo te voye Elize a, li te al pran bwa sa yo, pou fè yon gato, e jis ase pou fè yon gato pou li ak pitit gason l lan, epi mouri apre sa. Men, gade Eli, li di: "Fè youn pou mwen, anvan. Paske, ENSI DI SEYÈ A, barik la pap manke ni krich la pap sèk jouk jou Seyè Bondye a va voye lapli sou tè a. "San poze kesyon, li te al fè gato a epi ba li l. Li te di, "Fè pa m lan anvan, e apre sa al fè youn pou ou ak pitit gason w lan." Paske, li te tandè nonm sa, epi te gade l; li t on semans predestine.

70 Anpil nan yo di, "Men vye moun fou sa ankò. Bondye te madichonnen nou poutèt li, "sonje Eli. Li te di, "Se oumenm k ap boulvèse Izrayèl"

71 Li te di "Ou se sila k ap boulvèse Izrayèl" Gade ki moun Bondye ... Pawòl kimoun li t ap konfime? Pwòp pawòl Li.

72 Kounye a Bib la di yo te fèt pou rezon sa a, men lè ... enkwayan an. Men kounye a lè vre kwayan an ka wè Pawòl la nan aj sa te fè l chè, Bondye k ap pale atravè bouch imen epi apre sa fè egzakteman sa L te di ke L ta pral fè, se fin eksplike!

73 Kounye a obsève rès la. Pa gade siy yo. Si w gade siy, ou va twonpe w menm jan ak mond lan. Fo pwofèt va leve, epi yo va montre siy ak bèl mèvèy ki va twonpe eli yo si l te posib. Pote atansyon a Pawòl la. Gade prèt sa yo, pwofèt sa yo, pwofèt ebre ki te kanpe la. Sedesyas ak de gwo kòn, li t ap di: M s on pwofèt Bondye òdone." Se vre. "M gen twasan-katreven-diznèf avè m isit la, ak Sentespri a sou nou, ki konfime e ki di ke peyi sa a rele nou pa nou. Ann monte al pran l. E ak kòn sa yo, Akab, ou pral pouse lènmi an sot sou tè nou an, paske Bondye te bannou tè a. "

74 Gad nonm relijye sa, bon gason an, Jozafa, li te di, "Èske w pa g on lòt ankò? "

75 "Youn ankò? Gen katsan ki ann akò! "Li te di," Wi g on lot ankò bò isit la, men m rayi l." Li te di," Li toujou ap joure nou tout epi ap di nou kijan nou se yon bann pechè, ak tout bagay sa yo. "Li te di , "M rayi l !" Se Miche, pitit gason Imla a.

76 Li te di: "O, piga wa di sa. Al chache l e ann tande sa l ap di."

77 Yo mennen l la. Li te di "Ban m jis aswè a, m pral wè sa Seyè va di sou sa."

78 Akab di "M ap sipliyè w, pa di m anyen sof verite a."

79 Epi nonm lan vin di l "Kounye a, si w vle retounen nan bon fratènite, di menm bagay ak lòt yo." "Miche te di," M pral di jis sa Bondye di." Nou wè?

80 Nan demen maten, yo soti. Wa yo mete rad sou yo, chita nan pòtay la, tout selebrite yo. Pwofèt la te kanpe la. Yo te di, "Kounye a, fanatik, ki sa w di de sa?"

81 Li te di, "Ou mèt monte." Li te di, "Men, m te wè Izrayèl gaye tankou mouton ki pa gen okenn bèje."

82 Li fra- ... ak men l, li frape l sou bouch li. Pwofèt la te frape lòt pwofèt la sou bouch li. Kounye a, toulède pwofèt wenn sa yo kanpe la, yo te pwofètize, katsan kont yon sèl, sa te paret vrèman fò. Kounye a, pakèt konsèy pa toujou vle di sekirite. Sa depann de ki kote yo ye ... sou kisa y ap konseye, kisa konsèy yo ye. Pa t gen sekirite pou wa, li te pran foul sa kòm konseye pou l te ka kòrèk. Men, si li te jis kanpe epi dewoule woulo a epi sèlman gade kisa Eli te jis di.

83 Lè sa, Miche pa t ka di anyen, li pa t konnen kilè petèt Bondye te padonnen l pou sa. Men dabò, antanke pwofèt, li t al jwenn Bondye pou l chèche konn sa Bondye te di. Apre sa, li jwenn sa Bondye te di. Li te di, "M wè Bondye chita sou yon trwòn, epi L di ... Li te gen tout konseye syèl la rasanble toutotou L, Li te di, Kimoun nou ka jwenn pou desann pou fè Akab soti isit la, konsa pa fason sa, nou ka akonpli pwofesi ki te fèt sou li a?"

84 Ou wè, pwofesi, Eli te di l deja a, "Chen yo va niche san w."

85 E konsa li te di ke l "wè yon lespri mantò ki te sot anba, pou monte, monte devan L, li te di, "M pral desann, m pral rantre nan pwofèt li yo, pwofèt Akab yo, epi fè yo pwofètize yon manti."
"

86 Ebyen, Bondye te konnen ke moun sa yo te tèlman gonfle epi tèlman ranpli ak teyoloji ke yo te panse yo te konn tout bagay byen. Yo pa t janm remake Pawòl pou lè a. Konsa, Bondye te di, "W ap reyisi; desann non." Lè Miche di sa, sa te fè yo pwofètize anba yon move lespri. Yo te deploge telefòn lan, oswa etenn radyo a, oswa fè tout lòt bagay; yo te tandè Sa k t ap vin kont yo a, yo te leve, e vire do yo. Men gade sa k te rive. Kounye a, Miche te dwe tcheke vizyon lan avèk Pawòl ekri a, se poutèt sa l te konnen.

87 Li te di, "Lè m retounen... Mete nonm sa nan prizon, ba l dlo ak pen afliksyon. Lè m retounen, m ap regle avè l."

88 Li te di, "Si w retounen tout bon, Bondye pa t janm pale avè m. "Se lè l konnen vizyon l lan te egzakteman dapre chak Pawòl pou lè sa. Se te tan Akab la.

89 Frè, sè, kounye a se lè ak tan apèl pou soti nan Babilòn. Limyè aswè a la. Mache nan limyè a pandan ke gen limyè. Remake, kwayan yo te wè Pawòl la manifeste epi yo te kwè l. Jezi te di, "brebi m yo konn vwa m, Pawòl mwen, siy mwen pou aj la. Yo pap suiv youn ki fo."

90 Kounye a, ann ale nan tèks nou an, paske mwen wè ke m pral elwaye m. Mwen vle ensiste anpil sou liy priyè sa a. Ann retounen nan tèks la ke nap etidye kounye a, isit la pou yon minit. Ebyen, sa pral rive ankò, kòm dabitid.

91 Bondye voye pwofèt Li, Jan, jan Pawòl Li te di, te pwomèt nan Malachi 3, "Men, M ap voye mesaj M devan fas Mwen pou prepare chemen an." Jan te temwen menm bagay la. Epi nou dekouvri tou, nan Ezayi 40: 3, Ezayi te di, "Ap gen vwa yon pwofèt, youn ki va rele nan dezè a, 'Pare chemen Seyè a.'" Wè? Tout pwofesi sa yo! Epi-epi gade, remake vit, Ekriti a idantifye li.

Lè yo di, "Ki moun ou ye? Èske ou se Mesi a? "

Li di, " Se pa sa m ye. "

"Èske ou se Jeremi? Pwofèt yo, osinon youn nan yo?

92 Li di, "Se pa sa m ye. Men, mwen se vwa a sila k ap rele nan dezè a, jan pwofèt Ezayi a di a"

93 Ou panse yo ta pral kwè sa? Non, mesye. Poukisa? Li pa t vini pa legliz yo. Li pa t avè yo ... Wè, li te ale nan dezè a, a laj de nev an, epi li soti a trant an. Mesaj li a te twò enpòtan pou l te pase nan on lekòl teyoloji; se li ki te prezante Mesi a-a. Epi tout moun ta pral rale l *isi*, rale l *lèt bò*. E, Bondye te voye l nan dezè a, apre lanmò papa l, Zakari. Epi li te yon prèt, men li pat janm swiv chemen papa l.

94 Paske, pwofèt yo pa sot nan bagay konsa. Yo vini de tè sovaj, dezè a. Pa gen moun ki konnen ki kote yo soti, ou kijan yo parèt sou sèn lan, ou anyen de istwa yo. Yo jis vini senpleman preche Pawòl la, epi Bondye retire yo, epi yo ale; yo kondane jenerasyon sa a, epi yo kontinye ap avanse nan Pawòl Li, an atandan gwo jou a.

95 Legliz la pa t kwè li, paske yo pa t konnen l. Yo pa t gen okenn dosye sou òdonans li nan liv yo, se poutèt sa yo te refize l. Wè, yo pa t kwè Pawòl konfime Bondye a, klèman, lèt pou lèt. Wè? Malachi 3, de Ekriti pou konfime l, Malachi 3 ak Ezayi 40: 3. Wè, tou de ekriti sa yo pale de yon moun ki vin, prepare chemen Seyè a. Li te rankontre tout ti detay yo.

96 Li te dwe yon pwofèt. "M ap voye ban nou Elize." Epi li te la, nan tout sans. Gade ki jan nati l te ale ak Eli. Eli te yon nonm nan dezè a, menm jan ak Jan. moun ki renmen lanati. Li pa t yon moun rafine, li te yon moun wobis.

97 Remake ankò, Eli te deteste fanm, li te pale Jezabèl de tout makijaj li, epi li te vrèman mete l nan plas li. Jan te konsa tou. Jezabèl te eseye touye Eli, li te fè sèman sou dye l yo ke li ta pral koupe tèt li. Ewodyas te fè menm bagay la. Wè?

98 Toujou gade mesaj yo, gade sa yo te fè. Kounye a, nou wè ke si yo te gade deye pou wè sa Bib la te di, epi obsève nati nonm lan epi kijan li te parfètman an akò avèk Ekriti yo ak tout bagay, yo ta dwe konnen ke se te li. Apeprè on demi douzèn te rekonèt sa. Se vre. Pa plis ke on demi douzèn te reyalize sa. Y al tandè li, men yo pa t kwè li. Wè? Poukisa? Yo pa t kwè idantifikasyon pwofesi a nan tan yo.

99 Remake, yo ri li, yo trete l de "fanatik sovaj, analfabèt, k ap rele byen fò, san edikasyon, avèk on vokabilè 'hit, hain't, tote, carry, fetch,' e ensidwit." Kòm dabitid yo jije l pa edikasyon l. Yo jije l pa gramè li, jan li te abiye. Li te gon moso po mouton sou li, ak on sentiwon po chamo, li te plen pwal. Li t ap mache nan dlo; pa gen legliz, pa gen ban, pa gen kolaborasyon; yo pa t ka aksepte sa; yo t ap adore dye nan mond lan. Wè?

100 M pa vle di kounye a pa gen fo pwofèt ki soti, tankou Jambres ak Janes. Men, fason pou fè l, se pou w verifye mesaj orijinal la pa Pawòl la, lè sa a, ou konprann; nan ki aj li ye, epi sa ki pwofètize pou aj sa a.

101 Alò, pwofesi Jan an te konfime nan Pwòp lòd Bondye a. Gade ki jan li pafè. Bib la di, "Pawòl Seyè a vini a pwofèt yo." E Jezi te Pawòl la. E Jan t ap pwofetize sou vini Pawòl la pou akonplisman l; epi Jezi, Pawòl la, te vin jwenn pwofèt la, nan dlo a. O, ala bèl! Ala enfayib li... Wè? Pawòl la te yon bagay ki ra nan jou sa yo. Men pwofèt la k ap vini, li di "Mwen se vwa Pawòl la."

Yo te di, "Kisa nou dwe fè?"

102 Li di, "Mwen pa diy pou delase soulye Li. Men, gen youn ki kanpe nan mitan nou, on kote, se Li ki pral batize nou ak Sentespri a epi Dife. Laye L nan men L, epi Li va pirifye tè a nèt, e Li va boule pay yo nan dife ki pap janm etenn lan, mete semans yo nan grenye a. "O, ala yon pwofèt! Jezi di ke pa t janm te genyen on nonm ki fèt de yon fanm ki te gran tankou l, jiska jodi a. O, ala on pasyon! Jan li menm te konnen ki kote l te kanpe! Li te konnen egzakteman. Li te koute Bondye, epi li te egzakteman ak Pawòl la, se konsa li pat okipe sa moun yo t ap di. Li te preche L epi te pwofetize L, kanmenm. Epi gade, lè yon moun kanpe pou sa ki Verite, alò Bondye oblije konfime Verite nonm sa.

103 Lè Moyiz desann nan peyi Lejip, li di, "M te lòt bò a nan dezè a, m te wè yon pyebwa k ap pran dife, epi li pa t boule. Mwen pwoche bò pyebwa a, e, lè m pwoche, te gen on gwo Kolonn Dife nan pyebwa a. Epi yon vwa di, "SA M YE A SE SA M YE." Epi Li di m pou m pran baton sa a epi desann isit la pou fè mirak sa yo, e Bondye pral konfime Pawòl Li. "Li lonje baton l, vin gen pis ak mouch epi tenèb ak bagay konsa. E alò, pou konfime pwofèt sa a, Li mennen kwayan sa yo tounen sou mòn lan, e Bondye desann nan menm Kolonn Dife a, sou menm mòn lan, e Li pwouve ke sa te vre.

Kounye a, gade sa Li fè jodi a. Egzakteman.

104 Kidonk, Pawòl la vin a pwofèt la, epi Li konfime ke li te vrèman moun lan, moun lan menm ke Ekriti yo te anonse li t ap ye a. Rapidman kounye a. Men, on fwa ankò, Jezi te vini sou yon fòm diferan de entèpretasyon imen yo te gen de pwofesi a. Lèzòm te entèprete sa l t ap ye. Sètènman. Presbyteryen yo panse ke se ta dwe yo. Gade byen, lè Bondye fè yon bagay, gade byen tout lòt òganizasyon yo leve, avèk on bagay. Wi, sa toujou fèt konsa. Yo gen on Jambès ak Jannès tout kote. Remake, yo pwononse on pati nan Pawòl la. Men, selon Pawòl pwofèt la, se chak Lèt!

105 Yo rate l ankò, kòm dabitid, yo trete L de divinò, "on demon; Bèlzeboul," e yo di ke Li te fè tèt li Bondye, tandiske yo te dwe rekonèt, pa pwòp Bib yo, ke Li te Bondye.

Remake, Li te pwofetize pa Ezayi, Ezayi 9:6, di, "Y a rele L Bondye ki gen tout pouvwa a, Papa ki la pou tout tan an." Pap gen lòt Papa apre sa, paske se Li ki te premye Papa a nan kòmansman an, Li se sèl Papa a; Li di, "Pa rele pyès moun sou tè sa a, 'Papa,' apre sa." "Li

se-se Bondye ki gen tout pouvwa a, epi Papa a ki la pou tout tan, Konseye a, Prens Lapè a." Sètènman.

106 Kounye a, yo te fè L sa tout pwofèt yo te anonse yo t ap fè L, menm jan y ap fè nan tan Lawodise sa a, yo mete L deyò nan legliz la. "Avèg, toutouni, e ou pa konnen." Egzakteman sa pwofèt la te di, pwofèt Bib la. Avèg akòz tradisyon lòm, yo mete L deyò, yo mete Pawòl la deyò nan legliz yo, kòm dabitid, jan yo te pwofetize sou yo.

107 Remake kounye a, rapidman la a. Pa manke sa a kounye a. Men tèks la, ki jan Jezi te fè de disip sa yo konnen ke Li te Mesi yo! Kounye a, tout je yo gade bò isit la. E nou menm ki nan peyi a, pa manke sa a kounye a. Nou eseye di nou ke Bib la se Pawòl Bondye a, ke Bondye Li menm te ekri, atravè bouch ak mwayen lèzòm. Bondye ka ekri, pou kont Li. Bondye ka pale, pou kont Li. Bondye ka fè sa L vle, men Li te chwazi lòm pou fè sa a paske nonm sa a ki te ekri l fè pati de Bondye. Kidonk, Bondye ekri Bib la. Moun sa yo pa t menm konnen kisa yo t ap ekri a, nan pwòp panse yo. Yo ka menm pa t dakò avè L, men yo te ekri L. Yo pat ka. Bib la di, "Moun lontan yo, yo te pouse pa Sentespri a!" Bondye te dirije men yo, te dirije je yo nan vizyon yo. Yo pa t ka di anyen lòt ke sa yo te wè a. Yo pa t ka di anyen, paske Li te gen tout kontwòl sou lang lan, dwèt la, tout ògàn nan kò a t ap swiv ritm Bondye a pafètman. Se pa etonan ke Bib la di ke yo te dè dye, yo te yon pati de Bondye! Li te plenitid Bondye.

108 Remake kijan Jezi, Pawòl la, te fè de disip sa yo ki te gen kè brize, vin konnen ke Li te Mesi yo, Mesi a, Pawòl Bondye te pwomèt la. Remake kisa Li te fè, Li te fè apèl a pwofesi a. Remake, "Moun fou, ki pran tan pou kwè tout sa pwofèt yo te ekri." Kounye a, Li pa janm di, "Ebyen, kisa, kisa legliz la di sou sa?"

109 Yo te rakonte Li istwa a. Yo te konn tout evènman yo ki te rive. Yo tout te tris. Yo kòmanse di L, "Èske W s on etranje isit la, oubyen Ou pa konn sa ki rive nan lavil Jerizalèm?"

110 Li di, "Ki bagay?" Kòm si Li pa t konnen. Wè, Li fè de bagay kèk fwa jis pou wè sa w pral fè. Wè? Li di, "Ki bagay? Ki moun li te ye? Sa k pase?"

111 "Èske W jis on etranje?" Epi yo t ap pale dirèkteman a Moun yo te viv avèl pandan twazan e demi, e yo pa t rekonèt Li.

"Ki bagay? Kisa k rive? "

112 "Ebyen," yo reponn li, "Jezi de Nazarèt, ki te yon Pwofèt. Pa gen dout nan lespri nou. Li te pwisan an Pawòl epi an zèv devan tout pèp la. Nou wè L k ap fè bagay ki idantifye L kòm Pwofèt Bondye pou laj sa a. Nou konn sa. E nou te kwè ke Li t ap vin Redanmtè a, ke Li t ap rachte pèp Izrayèl la. "

113 Alò Li vire epi Li di, "Moun san konprann, lespri nou lou pou kwè tout sa pwofèt yo te anonse sou Li pa t ap akonpli?" Wè? Gade L kounye a k ap tounen nan pwofesi a. Ala on repwòch pou kwayan yo, ki pretann ke yo kwè nan Li!

114 Remake ki jan Li apwoche sijè a. Li pa t janm parèt dirèkteman pou di, "Se Mwen ki Mesi nou." Li te ka fè l, paske se sa L te ye. Men remake, Li te idantifye tèt Li ak Pawòl la, alò yo ta pral konnen. Si L te di sa, Li te ka di sa e sa pa t ap konsa; men, lè L te kòmanse ap pale sou tout sa pwofèt yo te di sou Li, e ke yo te wè l, lè sa a, yo te ka rekonèt Li, si yo te pitit Bondye. Men, Li te atire atansyon yo sou sa pwofèt yo te anonse epi te mande pou chèche nan tan ke Mesi a, nan aj pa L la, ta pral manifeste. Limenm, tankou Jan, ki te Pawòl la, Bib la, idantifye Mesaj yo. Nenpòt vre pwofèt t ap fè sa. Wi. Li pa parèt dirèkteman pou di, "Se Mwen menm. Mwen ..." "Sa se pa yon vrè pwofèt Bondye. Wè? Men L te di, "Tounen nan Ekriti yo." Wè, Li pa janm manke aji selon fason pa L. Wè?

Li di, "Nou konn Moyiz."

115 Li di, "Si nou te konn Moyiz, nou t ap konnen M." Li di, "Moyiz ekri sou Mwen." Li di, "Chèche nan Ekriti yo, nou panse ke nou gen Lavi Etènèl, nan Yo, se Ekriti yo ki temwanyen de Mwen. Al gade nan Ekriti yo epi wè li. "

116 Men ni, Li pa janm chanje fason L pou fè sa, Li pa janm chanje. Li pap janm ka chanje, paske Li se Bondye ki pa chanje a. Wè? Remake ke Li tounen touswit al jwenn de disip sa yo, Kleopas ak zanmi l, sou wout pou al Emayis, epi Li di, Li refere yo a Ekriti yo, Li di, "Poukisa nou fou a se pwen pou nou pa kwè ke chak Pawòl pwofèt yo te ekri konsènan Mesi a ta dwe rive vre? "O, ala yon jou!

117 Jan te fè menm bagay la. "Chèche nan Ekriti yo, gade dèyè, li te di ke t ap gen vwa youn ki t ap rele nan dezè a.' Ki kote m soti?" Wè? Sa a, sa te dwe klè pou yo. Se vre!

118 Sa dwe klè jodi a, bagay nou wè Sentespri a ap fè. On lè, Li di: "Chèche nan Ekriti yo." Epi nou ... Li vle ke nou fè l jodi a.

119 Remake, Li kòmanse avèk pwofesi Moyiz la, Bib la di, "Li te kòmanse avèk Moyiz ak tout pwofèt yo", men li te kòmanse avèk Moyiz. "Yon pwofèt," di Moyiz, "Seyè Bondye nou an pral sisite nan mitan nou, nan mitan pèp la. Seyè Bondye a pral sisite yon Pwofèt. "

120 Kounye a, Li te ka di, "Kleopas, epi zanmi w isit la, èske Moyiz pa t di ke nan jou sa yo Seyè Bondye a t ap sisite yon pwofèt? E Nonm sa a ke yo te kloure sou kwa, èske L pa t rankontre kalifikasyon sa a? Bon, Moyiz te pwofetize sa. Epi kounye a, nou pa t gon pwofèt pou dè santèn e dè santèn d ane, epi men Nonm sa a ki vini. E ki moun ki te anonse Nonm sa a, dapre sa nou di? "Nou konprann? E tout sa pwofèt yo te pale de Li, pou aj pa L la, Li te

pale avè yo. Li t ap enteresan pou ap koute Li. Èske nou pa t ap renmen tandè L? M ta renmen tandè L, tandè L ap pale de sa pwofèt yo te di sou Li, men Li pa janm di ke se te Li. Li jis montre yo pa pwofesi. Li jis di, "Pwofèt la te di ke sa ta pral rive." Wè?

121 Annou tounen dèyè kèk minit, epi annou koute kounye a Pawòl ke Li te site Li menm. Gade isit la, se Pawòl la menm k ap site Pawòl la ki konsène L. Pawòl la menm k ap site Pawòl la ki konsène L. Li pa di yo ke se te Li, men Li jis kite Pawòl la pale de tèt Li, lè sa a, yo tap rekonèt ki moun Li te ye. Pawòl literal la, k ap site Pawòl la nan ... Pawòl la nan lachè, k ap site Pawòl literal la, ke yo te idantifye konplètman avè L. Gade isit la, kounye a annou koute L k ap site. Ki jan ... Kounye a, nou konnen ke yo tout te okouran de dènye evennman yo, sa vle di, krisifiksyon an ak istwa rezirèksyon an, nan kav la, jan nou fèk li l. Kounye a, L ale tou dwat nan Pawòl pwofesi a ki konsène L. Bon, ann sipoze ke L di sa; Li di plis pase sa, men swiv.

122 Annou di Li ... ke nou tandè L di, "Pran Zakari 11:12. Èske yo pa t dwe vann Mesi a, dapre pwofèt la, pou trant pyès lajan? Ou fèk di ke Nonm sa a yo te vann Li pou trant pyès lajan. Pran ..." Èske nou note pasaj sa yo nan Ekriti a? Zakari 11:12. E answit Li di, "Èske nou remake sa David te di nan Sòm, Sòm 41:9? Zanmi L yo te trayi L. Epi ankò, nan Zakari 13:7, Disip Li yo te abandone L. Epi nan Sòm 35:11, Li te akize pa fo temwen. Ou fèk di ke sa te rive L. Ezayi 53:7, Li te bèbè devan akizatè L yo. Ezayi 50:6, yo te bat Li, pwofèt la di. Sòm 22, Li te dwe kriye sou kwa a, 'Bondye Mwen, Bondye Mwen, poukisa ou abandone M? 'Èske Li fè sa, jou anvan yè apremidi? Sòm 22 ankò, 18, rad Li yo te pataje nan mitan yo. Èske yo te fè sa? E Sòm 22:7 a 8, lènmi L yo, legliz la, te pran plezi sou Li. Sòm 22 ankò, pa t gen yon zo nan kò L ki te dwe brize, men 'yo pèse men M ak pye M'," Li te di. Pandan L t ap kache men L dèyè L, san dout, nan moman sa a. "Ezayi 53:12 di ke Li t ap mouri nan mitan malfektè. Ezayi 53:9 te di ke yo te antere L ak rich yo. Sòm 16:10 di konsa, "M pap kite nanm Li nan lanfè, ni M pap penmèt Moun k ap sèvi M pouri anba tè." Epi èske se pa t Malachi 3 ki te anonse Nonm sa a? "Oh, m ta renmen tandè L k ap site sa. Gade pwofesi yo! Remake, epi gen tout tip yo, ke Li te ka manyen, apwopo de Izarak, nan Jenèz 22, Bondye te anonse Izarak a lavans, ki jan papa a, Abraram pran pwòp pitit gason l, li chaje bwa a sou tèt ti mòn lan, epi li te ofri pwòp pitit gason l.

123 Kounye a, li te kòmanse antre nan yo. Li te finn di yo ke yo te moun fou poutèt yo pa t konsidere pwofesi a ki te aplike pou jou sa a. Epi, kounye a li te kòmanse antre, yo te kòmanse wè pwogrè nan tout bagay sa yo ki te pase nan kèk jou ki te sot pase yo, nan de oswa twa dènye ane yo, pwofesi pou aj sa a, konfime. Se lè sa a yo te rekonèt ke Jezi, Zanmi yo ke yo te krisifye, te akonpli chak Pawòl. O, se lè sa a ke yo te konnen ke Nonm sa a te reyèlman Mesi sa a, ke- ke L te dwe resisite nan mitan mò yo. "Tonb lan pa t ka kenbe L. 'M pap penmèt

Moun k ap sèvi M pouri anba tè.' Pa g on sèl Pawòl nan pwofesi a ki ka janm echwe. E Li te resisite. "

124 Donk, mesaje yo ki te desann nan tonb lan maten sa a te gen rezon. Li resisite nan mitan mò. Li vivan. Li se Mesi sa a. "Poukisa? Pa manke sa a. "Aksyon Li, ministè Li epi tout sa Li fè te konfime kòm akonplisman Pawòl egzak ke pwofèt la te anonse pou jou sa a. Avèk sa, li akonpli." Lè sa a, yo te konnen ke se te Li, Zanmi yo te krisifye, se Jezi, ki te fè sa. Se pa etonan ke kè yo t ap boule anndan yo lè L t ap pale avè yo. Kounye a, yo te mache dis kilomèt, epi sa te parèt kout.

125 Epi men on lòt bagay yo te fè, nou konnen, yo te tande yon predikasyon sis zèdtan sou pwofesi ki te konfime. Se de sa Li t ap pale avè yo sou wout la. Menm lè, yo te kòmanse pran wout la, Li parèt touswit, paske Li te gentan la nan lavil Jerizalèm. Sis èdtan apre-e ... apre, yo te a swasant estad, yo te vwayaje dis kilomèt sou wout la; rive Emayis. Se sa li ye. Epi Li te preche, epi konfime pwofesi pandan sis zèdtan. Pa kondane m lè m sou twa zèdtan, alò, ou wè. Wè? Men, remake, yo te preche ... Li ... Yo te tande yon predikasyon sis zèdtan sou pwofesi ki te konfime, verifye.

126 Kounye a, tan aswè t ap apwoche. Ou konnen, Li se menm ayè, jodi a, ak pou tout tan. Se te lè sa a, ke L louvri je yo pou konnen ke Ebre 13:8, Li se menm ayè, jodi a, ak pou tout tan. Nan tan aswè a, evènman yo vin klè ak pwofesi a. Sa k ap pase nan lè kounye a, ka fasilman idantifye si nou jis kwè pwofesi lè a.

127 "Wi, moun san konprann, lou pou konprann, lou pou kwè (kontinye reflechi sou sa), pou kwè ke tout sa pwofèt yo te di sou Mesi a, èske l pa ta dwe rive?" Kounye a, Li reprann tout pwen sa yo epi L montre ki sa pwofèt la te di ki tap rive. Se la a, yo kòmanse konprann. Alò Li di ... aji tankou Li ta pral kontinye chemen L. Yo te renmen Nonm sa a. Yo di :” Ou menm, Ou aprann nou on bagay. Nou pa t janm panse sa. Li vivan on kote." Yo t ap pale avè L, yo pat konn sa. Alò Li... epi pa gen dout Li te gade yo avèk tristès, epi L te kontinye wout Li, men Li-Li tap tann pou yo envite Li. Se sa L ap tann aswè a, pou w envite Li.

128 Remake, lè disip sa yo envite Li nan fratènite yo otou tab la, se lè sa a, ke L fè yon bagay menm jan Li te fè anvan krisifiksyon Li, epi je yo vin louvri. Yo te konnen manyè Li, estil Li. Yo te konnen ki sa L konn fè, epi Li te fè l la a, egzakteman jan L te fè anvan. Epi yo di: “Se Li!”. Epi rapidman yo leve pou yo rele l byen fò, epi Li disparèt. Epi kote yo te pran sis zèdtan pou koute predikasyon sa a, petèt an ven minit yo te tounen, pye yo te lejè pou di lòt yo, "Li resisite tout bon. Li vrèman vivan."

129 Zanmi, sa a se akonplisman Malachi 4, Lik 17, Jan 15, o, tèlman anpil, Apokalips 10, tèlman anpil pwofesi ki ka ratache egzakteman a jou sa a. Epi tou, nan Liv Mak la ak nan

Matye, kote L te di gwo siy sa yo ak mèvèy t ap parèt nan syèl la, epi moun yo rele yo soukoup, soukoup volant, yo ka- yo ka disparèt pa pwisans epi vitès on panse, on entèlijans ki ka vin la a. Li ka ekri, Li ka pale, Li ka fè kelkeswa sa L vle. Gwo Kolòn Dife, "menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan." Epi fenomèn k ap pase sou tè a, piramid lafimen k ap monte anlè a, anwo nèt, pi wo kote ki pa ka gen okenn imidite ni anyen, a trant mil altitud. Sa te predi yon lane edmi anvan sa rive, ke li t ap konsa. Apre sa vire foto a epi wè Ki Moun k ap gade anba. Pa g on sèl Pawòl ki janm fayi de tout sa ki te anonse yo, epi men Pawòl ekri Bondye a, ki konfime ke se Verite. Epi se tan aswè a ankò. M mande m si L ta vle tounen, pa gras, aswè a epi fè yon bagay kounye a tankou L te fè lòtbò a. Ann lapriyè epi mande Li. Evènman ki vin klè pa pwofesi konfime.

130 Bondye Tou Pwisan, ede nou. Ede nou, Bondye byenneme, pou konprann, konprann bagay ke nou ta dwe konnen, konprann Pawòl Ou. Epi, kounye a, Seyè, nou tande predikasyon la a depi prèske de mil lane, bagay ki ekri nan liv. Epi nan dènye jou sa yo isi a, li glise tounen ankò, e kounye a tan aswè a ap apwoche. Metodis yo, Batis yo, Presbyteryen yo, epi anpil nan yo atravè aj la te pale avè W, e petèt tou senpleman sou chemen gwo jou sa a ki pa t ni lannwit ni lajounen, jan pwofèt la te di a, men nan tan aswè a, va gen Limyè. Jezi te resisite nan tonb lan epi Li te parèt devan Simon epi fanm yo, e L te montre yo ke Li te vivan. Sa se te nan maten. Epi apre nan aswè li tounen ankò. Men Li te mache avè yo la jounen, ap repwoche yo poutèt yo avèg, men apre sa a, Li te fè yo rekonèt Li nan tan aswè.

131 Bondye, vini nan fratènite nou aswè a ke nou genyen otou Pawòl la. Bondye, se apèn si yo kwè L jodi a nan mitan moun yo, men mwen rekonesan ke gen kèk Ou te rele epi òdone pou Lavi Etènèl, epi Ou te di, "Tout sa Papa a ban Mwen va vini." Epi, kounye a, pandan ke Limyè aswè yo klere, alò ke Ou pa pèmèt, Seyè, ke yon sèl pwofesi (sou santèn ki te bay) te janm echwe yon sèl fwa. Alò vrèman si sa idantifye, sa dwe Ou Menm, paske pa gen okenn moun ki ka egzat konsa. Tou kòm Bib la, pèsonn pa t ap ka ekri, pèsonn nan espas mil sisan lane, avèk karant ekriven diferan, t ap ka ekri, san pa g on sèl erè ladan L.

Bondye byenneme, mwen priye ke Ou pral manifeste W aswè a, dapre Ebre 13:8, ke Ou se menm ayè, jodi a, ak pou tout tan. Epi zèv yo ke Ou te fè anvan, Ou fè yo jodi a. Epi Ou te pwomèt li, Ou te di, "Nan dènye jou sa yo, lè mond lan chita tankou Sodòm ak Gomò, pèvèsyon." Nou gade gason sa yo ki tèlman sanble ak fi yo, ki mete rad menm jan avè yo, epi-epi nou wè fi yo k ap eseye aji tankou gason, epi nou wè fanm ak gason yo nan aj pèvèti sa a, nou wè ke atirans seksyèl la vin on-on idòl adorasyon. Yo pouse Levanjil la sou kote, epi nidite nan legliz Lawodise a. O Bondye, ala yon lè! Vini, Seyè Jezi, fè nou rekonèt Ou. Paske nou mande I nan Non Jezi.

132 Kounye a pandan nou gen tèt nou bese, je nou fenmen, m pral mande nou on bagay. Nou kwè ke Bondye isi a? Èske n kwè ke bagay L ap fè jodi a se pwofesi ki akonpli? Èske n kwè ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan? Èske n kwè lè L te isi a epi te manifeste nan lachè pou jou sa a, e zèv ke L te fè yo la a, te dwe repete ankò nan jou sa a? Pwofèt la te di sa. Bib lan te di sa. Tout Lekriti dwe akonpli, li pa ka fayi. Kijan L te idantifye Tèt Li? Antan ke Pwofèt sa a ke Moyiz te pale de Li an. Te konnen sekre kè moun yo. Fanm lan te manyen rad Li, Li te vire epi L te di: “Lafwa w sove w.” Lè Simon Pyè pwoche L, Li te konn non I, te di I kimoun li te ye, kimoun papa I te ye. E menm Jezi adorab sa a pa mouri, Li vivan pou tout tan. Lwanj pou Bondye! E m kwè, nan tan aswè sa a kounye a, Li te rele nou ansanm ankò.

133 O Seyè Jezi, vin nan mitan nou. Pa pase lwen nou. Vini, ret tout nwit lan avè nou jouk nwit sa a fini, apres a kite n al avè W demen; nou ta ka konnen W nan pwisans rezirèksyon Ou, ke lanmou W ak gras Ou ak mizèrikòd Ou ta ka avè nou. O Etènèl Bondye, akòde bagay sa yo. Nou konnen ke sèlman Bondye sèl ka akòde yo.

134 Nan lè solanèl sa a, kite n di sa. Bondye, Papa nou, chè nou s on tabènak pòv pou Ou. Men, Seyè, kite gras Ou ki sanktifye, Sentespri W lan, vini kounye a. Netwaye nou de tout dout ak tout ajitasyon, tout bagay sispèk ak tout liy dout ki ta nan nou, konsa nou te ka lib san yon sèl dout; soti, konfese ak fèmte tankou Pyè: “Ou se Kris, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.”

135 Nou kwè ke Pawòl Ou se Laverite, Seyè. Kite n jis wè, anvan n kòmanse liy priyè sa a, Seyè, fè nou konnen W. Jan W te di: “Jan sa te ye nan jou Lòt yo,” lè Abraham, gwoup ki te rele pou soti sa a t ap tann yon pitit gason ki te pwomèt, Lòt te anba la a ap tandè yon Billy Graham modèn ak on Oral Roberts pou aranjman denominasyonèl anba la a, kòm yon nasyon. Men Abraham te yon vwayajè san okenn òganizasyon, jis ti gwoup sa a ki t ap ere nan peyi ke I te dwe erite a. “E sa ki dou yo va erite tè a.” Yon jou, anba pyebwa lonbraj la, pandan yo te chita, ap repoze, Bondye te desann nan fòm yon Nonm. De zanj te desann nan Sodòm. E Bondye, nan chè imen, te pwouve ke se sa L te ye, Li te di: “Abraham, kote madanm ou, Sarah?” Kèk jou anvan sa, li te Abram; e S-a-r-r-a, Sarra; pa Sarah, “prensès.” E Ou te rele I pa non prensès li, pitit fi yon wa. Ou te rele Abraham pa non I, Abraham, yon papa nasyon. Epi W te di: “M pral vizite w.”

136 Bondye, kijan kè pwofèt sa a dwe te sote! Li te konnen Kimoun Ou te ye la menm. Pa etonan li te lave pye W, te pote tout manje ke I te genyen, epi pi bon an menm, te poze I devan W. Li te konnen se te Bondye la a. Apres a L te di: “Kot Sarah?” kòm si L pat konnen. E Ou...

137 Abraham te di L: “Li nan tant lan...li nan tant lan, dèyè do W.”

138 E W te di kisa k ta pral pase. E li, nan kè l, te doute Sa. Epi Ou—Ou te di Abraham: “Poukisa Sarah te doute sa, ap di nan kè l: ‘Bagay sa yo pa ka fèt’? Èske gen anyen ki twò di pou Bondye?”

139 O Bondye! Jezi, Bondye Pawòl la ki manifeste, Ou te di: “Jan sa te ye nan jou Sodòm yo,” mond lan t ap nan kondisyon sa a jis anvan destriksyon mond Moun lòt Nasyon yo, dispansasyon Moun lòt Nasyon yo. Men nou, Sodomit jouk nan nannan! Epi apre Ou te di ke Fis de lòm lan, ke yo toujou refere a li kòm yon “pwofèt,” t ap revele nan lè sa a. Akonpli Pawòl Ou yo, O Bondye. Noumenm, pitit Ou yo ki kwè, ap tann ak kè sensè, pou ban nou lafwa, Seyè, ke, lè n gen liy priyè a, moun yo va kwè. Se tan aswè, Papa. Kite Limyè aswè Fis de Dye a (Sila ki Te Ye, e Ki Ye, e ki Va Vini) manifeste Tèt Li pa pwofesi ke L te fè a. Nan Non Jezikri. Amèn.

140 M pare kounye a pou—pou m priye pou malad yo. Men s on bagay etranj, sa ye lè nou kanpe isi a. Men m kanpe isi a kounye a ap bay piblik la yon defi, epi sa yo ki konekte atravè nasyon an, ke Bondye toujou Bondye. Li pa ka fayi. E sa Li pwomèt, se sa L ap fè. Li pap janm fayi pou fè l, paske L te pwomèt pou fè l. Se poutèt sa m ka plase konfyans solanèl nan sa L te di. Se poutèt sa m ap tann Vini Li, m ap tann pou L parèt a nenpòt kilè, paske L te di: “Nan yon lè ke nou pa panse,” mond lan pa panse, “lè sa a L ap parèt.”

141 Kounye a, otan ke m konnen...Mwen nan tabènak mwen isi a, e gen kèk moun ki chita isi a ke m—mwen konnen. Frè Wright, kèk nan sila yo ki chita isi a, sa dwat bò isi a, mwen konnen yo. Men g anpil nan nou m pa konnen. E m pa g okenn mwayen pou di ke Bondye pral fè sa aswè a. Nou te wè L fè sa ane apre ane ki te pase yo, men Li ta ka pa fè l aswè a. M pa konnen. Sa depann de Li. Li souvren. Li fè sa L swete. Pa gen moun ki ka di L sa pou L fè. Li rete poukont Li, nan volonte L ak fason L yo. Men paske L te pwomèt sa, m ap mande L pou L fè l. Pa pou byen nou, ke n bezwen sa, men petèt pou byen kèk etranje, ke Sentespri a ta ka wenn...kounye a ap wenn sou nou. Kounye a, sa pa enpòtan nan ki pwen Li wenn mwen, Li dwe wenn nou, tou, sètènman, pou n kwè.

142 Kounye a m vle g on liy priyè, e m vle priye pou malad yo otan ke m kapab. Kounye a, nou ka swa g on liy, pou rele moun yo epi mennen yo anwo isi a, yon liy priyè epi priye pou tout moun isi a ki malad, m sipoze, fè frè m minis yo vin isi a avèk nou, epi poze men sou nou. Nou ka fè sa sètèn. Oswa nou ka swa mande Papa nou, Ki se Sèl Moun ki te ka f on bagay pou nou, paske men m se jis yon nonm tankou noumenm mesye yo. Men bagay la se ke, se pa men imen an ki fè l; se Pawòl Bondye a. Lafwa nan Pawòl sa a se sa ki fè l. Pa gen bagay syantifik sou li, tout nèt se non syantifik.

143 Pa g on sèl bagay Kreyen an genyen nan zafè pwoteksyon li ki syantifik. Èske n te konn sa? Lanmou, lajwa, lapè, sipòte ak pasyans, bonte, dousè, jantiyès, pasyans, lafwa, Sentespri, tout bagay lasyans pa detekte. E se sèl bagay ki reyèl e ki dire. Tout bagay nou gade ki sot nan tè a pou tounen nan tè a. Men bagay ke n pa ka wè ak je nou, men nou wè L deklare Tèt Li, se mond Etènèl la.

144 Èske n tap kwè, si Bondye ta manifeste Tèt Li epi montre ke L isi a vivan, ap fè menm bagay ke L te fè nan kòmansman an, apre Mesaj sa a, èske w t ap aksepte l kòm gerizon nou? Ke Bondye akòde l. Kounye a m ap mande nenpòt moun nan kay la, sa pa enpòtan kimoun ou ye oswa ki kote w soti, m ap mande nou jis kwè solanèlman ke Mesaj sa a se Laverite. Se Mesaj ke Bondye gen nan Bib Li pou lè sa a, ke Jezikri isi a aswè a epi L vivan. Kounye a prèske...

145 Nou tout moun yo konnen sou mwen, m isi a menm nan vil kote m te leve a. M pa menm g on edikasyon lekòl segondè. Se egzakteman vre. E nou konn youn lòt ase lontan, m espere m te viv devan nou pou montre nou ke m onèt epi sensè. M pa yon ipokrit. Menm kritik mwen yo pa di sa. Yo, yo jis di: "Ou se—ou pa yon ipokrit, men ou tou senpleman gen tò. Ou jis antò pa inyorans, pa selon volonte w." M pa kwè ke m antò pa inyorans, paske Pawòl Bondye a temwaye de Mesaj mwen an, e L ta dwe di nou Kimoun Li ye. E nou tande m di klè Se pa mwen, kidonk lè sa a Sa dwe Limenm. Èske se vre? Gen lafwa nan Bondye alò. Gade nan direksyon sa a, epi kwè Bondye. Si n ka kwè Bondye, Bondye ap akòde l ban nou. Si L ka fè sa tankou L te fè anvan, alò Li toujou Bondye. Nou kwè sa?

146 Nou kwè l? Yon dam chita isi a devan m, ap gade m, dlo nan je l, ak senserite. M pa konn kimoun li ye, pat janm wè l. M s on etranje pou ou. Èske w panse Bondye konn sekrè kè w, dezi w, oswa peche w, oswa kèlkeswa sa l ye a? Ou panse L konnen? Ou panse Li te ka revele m kisa peche w ye, sa w te fè, sa w pat dwe fè, oswa dezi w, kèlkeswa sa l ye a? Si L ta fè sa, èske sa tap fè w kwè L, konnen ke sa dwe Limenm? Èske w tap asepte sa kòm Limenm? Se pa peche w kap deranje w; ou te konfese sa. Men ou vle batèm Sentespri Li. Ou va resevwa L. M te wè L kap bouje desann sou li.

147 Ke n ta ka konnen ke m tap gade madanm lan, li tap gade m, m vle montre nou Sentespri a. Gad isi a, dwat sou ti madanm sa a ki chita isi a, anba pye m isi a. Lè m te di sa, se menm bagay la li vle, se batèm Sentespri a. Ou kwè ke w ap resevwa L, sè? Leve men w, alò. M pat janm wè madanm lan nan vi m, selon sa m konnen.

148 Wè mesye sa a ki chita isi a ak tèt li bese, chita dwat la a, ak kòl li ki mal ajiste sou li, e latriye. Ou soufri ak on pwoblèm blad pipi. Ou kwè ke Bondye ap geri w? Leve men w si w ap asepte L. Trè byen, Bondye akòde w demann ou an.

149 Jenn gason sa a ki chita isi a, ki vle batèm Sentespri a. Ou kwè Bondye ap ba ou L; mesye, ak kravats blan w lan ki pandye dèyè? Bondye ap akòde li.

150 Mesye sa a isi a ap priye pou madanm li. Li nan yon enstitisyon. Ou kwè ke Bondye ap geri l, fè l geri? Ou kwè li? Ou ka genyen l.

151 Ak men w leve sou gòj ou, ou kwè ke Bondye ka geri pwoblèm kè sa a k ap trakase w la, pwoblèm lestomak sa a ke w genyen an? Ou chita isi a, ap soufri kounye a menm. Èske se vre? Ou kwè Li geri w? Alò w ka genyen l. Amèn.

152 Nou wè Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Mande moun sa yo, wè si m konnen yo. M pa konnen yo, men Li konnen yo. Amèn. Wè Limyè sa a sou bò miray la laba a, pandye dwat anba sou yon mesye ki chita la a. L ap soufri ak on pwoblèm nan rèl do l. Li pa moun isi a, li sot Georgia. Mesye Duncan, kwè ak tout kè w, Bondye ap geri pwoblèm do sa a. Ou kwè ak tout kè w? Bondye beni w.

153 Men yon nonm ki chita dèyè nèt isi a, ak pwoblèm do, k ap gade m. M pa konnen l, men se Mesye Thompson. Ou kwè? Leve, mesye, dèyè la a, kon sa...M s on etranje pou ou. Se vre. Men ou chita la a, ap priye. Pwoblèm do w la geri kounye a. Jezikri geri w.

154 “Va gen Limyè jis vè tan aswè a.” Èske n pa wè, Li isi a aswè a! Li se gran MWEN YE a. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske n kwè sa? Èske n satisfè epi konvenk ke se Jezikri k ap fè yo konnen L, ap idantifye Tèt Li nan pwofesi?

155 Pa enkyete pou je a. Bondye geri malad yo ak aflije yo.

156 Konbyen moun ki...Konbyen moun ki anndan isi a, malad? Kite n wè men nou. Jis sanble se sitèlman yon jefò ak on tansyon. Èske gen nenpòt nan nou moun yo ki gen kat pou lapriyè? M pa konn kijan m ta ka fè nou pase isi a. M vle priye pou nou, e m pa konn kijan pou m fè l. Nou wè kisa, gade miray la, kijan m pral fè yo antre la a? E si n fè yon ale bloke? Nou fè lòt la bloke la a menm, tout moun ret kanpe poze.

157 Koute, tandè m. Èske m te janm di nou on bagay nan Non Seyè a sòf sa ki rive? Èske se vre? Tout bagay te toujou vrè. M pat janm mande nou yon sèl santim lajan nan vi m, se vre? Pa yon sèl fwa. Pat janm pran yon ofrann nan vi m. M pa isi a pou lajan. M pa isi a pou twonpe nou. M isi a pou manifeste Pawòl Bondye pou lè a. M te di nou Laverite, e Bondye te temwaye ke se Laverite. Kounye a m di nou, ENSI DI LÈZEKRITI, ke si kwayan an poze men l sou malad la, Jezi te di: “Yo va geri!” Èske n kwè sa? Alò, nan Prezans Bondye a, èske n pa kwè L ap fè sa kounye a menm?

158 Kounye a mete men nou youn sou lòt, epi jis kenbe l la a pou yon minit. Kounye a, pa—pa priye, jis mete men nou youn sou lòt; deyò la a nan peyi a. Epi mwen, mwenmenm, m ap poze tèt mwen sou mouchwa sa yo. Kounye a m vle nou gade m jis on minit. Kisa Bondye te kite ki pat fèt? Gade kijan Li se, kisa Pawòl ke n te li a, pwofesi ke n te di yo, ke Jezi te idantifye Tèt Li pa pwofesi yo. Kounye a gade lè a, ak twa dènye semèn sa yo kote n te plase lè ke n ap viv la. Gade sa n te li a, kijan sou fo pwofèt yo ak prèske siy ki tap twonpe eli yo. Kijan Pawòl la te manifeste, kijan dye aj sa a te avegle ak manti an...kè moun yo. E kijan ke Bondye Limenm te di atravè pwofesi L yo ke bagay sa yo t ap pase nan Laj Lawodise sa a. Pa g anyen ki kite san l pa fèt. Bondye isi a jis menm Bondye a ki te pale ak moun sa yo nan Emmayis, ki te idantifye Tèt Li pa pwofesi ki te di davans de Li, Li isi a aswè a ap idantifye Prezans Li pa pwofesi yo ki te di davans pou aj sa a. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske n ka kwè sa? Alò poze men nou youn sou lòt. Pa priye pou tèt nou, men nan pwòp fason pa nou priye pou moun sa a ke w gen men w sou li a, paske y ap priye pou ou. Kounye a gade, pa doute.

159 E kounye a si n te ka wè sa m ap gade a! E n konnen m pa t ap ban nou manti, pandan m kanpe isi a. Si n te ka wè, epi lafwa nou te ka atire gran Sentespri sa a ki te navige lòtbò a nan lè—lè a, ke lasyans te pran foto L, epi wè L kap bouje atravè bildin sa a jis ap eseye jwenn yon plas pou—pou ateri, ap eseye jwenn on kote pou ankre. Kwè L sèlman, frè m. Li te idantifye sa pa Lèzekriti e latriye, sa se vre. Kounye a priye ak senserite pou moun sa a ou gen men w sou li a; y ap priye pou ou.

160 Chè Jezi de Nazareth, piske, nou konsyan, Seyè, pa Pawòl la, ke W isi a, pa pwomès ke W isi a: “Kèlkeswa kote de ou twa reyini nan Non M, se la M ye nan mitan yo. E siy sa yo ap swiv sila yo ki kwè; si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri.” Deyò a sou ond telefòn sa a, ke gran Sentespri a antre nan chak asanble. Ke menm Limyè Sen sa ke n ap gade dwat isi a nan legliz la, ke L tonbe sou chak moun, epi ke yo geri nan lè sa a. Nou raboure lènmi an, dyab la, nan Prezans Kris; nou di lènmi an, ke yo bat li pa soufrans vikè ak—ak, lanmò Seyè Jezi a epi rezirèksyon ki triyonfe sou twazyèm jou a; ak prèv Li ki pwouve ke L isi a nan mitan nou aswè a, vivan, aprè milnèfsan lane. Kite Lespri Bondye vivan an ranpli chak kè ak lafwa ak pwisans, ak vèti gerizon sot nan rezirèksyon Jezikri, Ki idantifye kounye a pa gran Limyè sa a k ap sèkle legliz la, nan Prezans Li. Nan Non Jezikri, akòde l pou glwa Bondye.

161 Ke mouchwa sa yo ke n priye sou yo a, ke y al jwenn malad yo ak aflije ke yo te gen entansyon al jwenn yo. Ke menm Sentespri ki isi a kounye a ap idantifye Tèt Li, idantifye Tèt Li sou chak pasyan ke sa yo poze sou li. Ke Prezans Bondye sitèlman ranpli kè yo ak lafwa jouk maladi kò yo va geri. Sa nou mande, pou glwa Bondye, nan Prezans Jezikri ak nan Non Jezikri, tankou nou sèvitè Jezikri mande l. Amèn.

162 Kounye a nan kè nou, m pa fè ka de sa k pat bon avè nou, èske n ka, nan kè nou, kwè ak tout kè nou ke Pawòl Bondye a te akòde nou demann nou an? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] M kwè ke chak men, jan m te ka wè a, te leve. Si n kwè sa, kounye a sonje, se fini.

163 Noumenm deyò la a sou fil telefòn yo, si n te kwè ak tout kè nou, antan minis yo t ap poze men sou nou, epi byeneme nou yo t ap poze men sou nou, si n kwè ak tout kè nou ke se fini, se fini. Gran Sentespri a, L isi a nan tabènak la aswè a. M te wè L k ap deplase sou moun yo, te montre Tèt Li bò isi a sou bò yon miray, epi te desann sou yon nonm, desann isi a epi monte atravè bilding lan, ap fè yo konn sekrè kè yo, idantifikasyon Prezans Li, pou montre ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li nan mitan nou! Li se Bondye, Bondye ki pap janm fayi a.

164 E èske kè nou pat boule anndan nou, e l pap boule kounye a, pou konnen ke kounye a nou nan Prezans Jezikri ki resisite a, ke glwa pou Limenm ak louwanj pou tout tan; Ki nan imaj egzak Jewovah Toupwisan an; Ki te navige desann nan fòm yon Kolòn Dife nan yon touf bwa k ap boule, pou atire atansyon yon pwofèt; Ki te desann sou mòn lan, e nenpòt moun ki te menm manyen l yo te dwe touye l, apa Moyiz ak Jozye. Kijan sa te ye ke L te kondwi pitit Izrayèl yo atravè dezè a, nan vwayaj yo, kòm yon tip de moun ki rele pou soti jodi a. Men Li, pa rechèch syantifik, te menm idantifye Tèt Li devan lasyans. E pa aksyon L yo menm e pa pwofesi L la menm, bagay ki te pwofetize de Li pou L fè nan jou sa a, pou fè L menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, te konfime pafètman. Èske se pa ase pou fè kè nou boule anndan nou? Bondye beni nou.

165 Kounye a ak yon sèl akò, ann kanpe epi di: Kounye a m asepte Jezikri kòm Sovè ak Gerisè. [Asanble di: “Kounye a m asepte Jezikri kòm Sovè ak Gerisè.”—Editè a] E pa gras Li, [“E pa gras Li,”] apati de lè sa a, [“apati de lè sa a,”] O Bondye, [“O Bondye,”] pa kite okenn enkredilite [“pa kite okenn enkredilite”] janm antre nan kè m, [“janm antre nan kè m,”] paske m te wè [“paske m te wè”] pwofesi a [“pwofesi a”] nan jou sa a [“nan jou sa a”] te akonpli. [“te akonpli.”] Mwen kwè [“Mwen kwè”] ke Jezikri [“ke Jezikri”] vivan [“vivan”] e isi a kounye a [“e isi a kounye a”] ap konfime Pawòl Li [“ap konfime Pawòl Li”] pou lè sa a. [“pou lè sa a.”] Pwofesi yo [“Pwofesi yo ”] ki te ekri sou Li [“ki te ekri sou Li”] te akonpli kounye a nan mitan nou. [“te akonpli kounye a nan mitan nou.”] Li se Sovè m, [“Li se Sovè m,”] Bondye mwen, [“Bondye mwen,”] Wa mwen, [“Wa mwen,”] Tout nan tout mwen. [“Tout nan tout mwen.”]

166 Chè Bondye, tande temwayaj nou. Epi ban nou, jou apre jou, Pen Lavi a. E nou ofri W louwanj, O Bondye, nan fon kè nou. Nou louwe W, Sila ki Pwisan an, Bondye pwofèt yo. Nan Non Jezikri. Amèn.

O, ala on moman, ala on tan!

...kwè sèlman;

Kwè sèlman, jis kwè sèlman,

Tout bagay posib, kwè sèlman.

Ke nou chante I kon sa.

Kounye a mwen kwè, o, kounye a mwen kwè,

Tout bagay posib, kounye a mwen kwè;

Kounye a mwen kwè, o, kounye a mwen kwè,

Tout bagay posib, kounye a mwen kwè.

Èske se temwayaj nou? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Kounye antan n koube tèt nou.

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Jouk nou rankontre nan pye Jezi;

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Bondye avè nou jouk nou kontre ankò!

[Frè Branham kòmanse fredone *Bondye Avè Nou*, apres a li pale ak Frè Neville—Editè a.] Èske w vle di on bagay? Vayle.

...nan pye Jezi;

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Bondye avè nou jouk nou kontre ankò!

167 Ak tèt nou bese, Frè Vayle kanpe isi a pou voye nou ale nan lapriyè. Frè Lee Vayle, s on ekriyen pou tabènak la isi a, de literati ak liv, e latriye. Frè trè presye, li t avè m nan plizyè kanpay. Swete m te g on chans pou kite chak minis, fè yo monte isi a epi pale avè w. Nou konprann, m sèten. Chak minis, nou kontan genyen nou isi a. Tout layik yo, moun nan diferan legliz yo, kisa ankò, nou kontan genyen nou isi a. E se vrèman priyè nou youn pou lòt, “Bondye avè nou jouk nou rankontre ankò.” Ak tèt nou koube, ak men nou leve, ann chante I ankò vrèman ak dousè pou Bondye.

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Jouk nou rankontre nan pye Jezi!

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Bondye avè nou jouk nou kontre ankò!